

KORE TIFI

FAZ 4 – AKSYON



REPANSE POUWVA

An nou balanse pouwva ant li ak gason



BEYOND BORDERS





Men sa ki genyen nan Faz 4 (Aksyon)

Resous pou manm Ekip

Faz 4 (Aksyon): PazapaPaj 4
Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo Faz 4 (Aksyon)Paj 12
Gid Aktivite pou Klèb Tifi Faz 4 (Aksyon).Paj 40

Materyèl mobilizasyon kominotè

Afich Faz 4 (Aksyon)Paj 53
Ti Komik.Paj 57
<i>Ti Komik Jesika No. 3</i>	Paj 59
<i>Ti Komik Natali No. 3</i>	Paj 61
Ti koze sou lasante.Paj 63
Lide pou Atik oswa RepòtajPaj 72
Teyat Faz 4 Aksyon.Paj 76
Ti Pale ak ParanPaj 87

Kourikoulòm pou elèv

Entwodiksyon Kourikoulòm

Syans Sosyal 3zyèm ak 4yèm ane Nouvo Segondè (Reto ak Filo)

Biyoloji 3zyèm ak 4yèm ane Nouvo Segondè (Reto ak Filo)

Thèmes et Sujets • Français 3ème et 4ème Année du Nouveau Secondaire (Rhéto et Philo)

FAZ 4 (AKSYON): PAZAPA



Dire Faz 4: 6 mwa (*Kore Tifi sèlman*)
6 mwa+ (*Kore Tifi avèk SASA!*)

Nan faz 1, 2 ak 3 Kore Tifi, nou te mete kanpe yon Ekip ak yon Rezo Kore Tifi solid; yo te kòmanse pèmèt bon jan refleksyon kritik fèt, yo te fasilité chanjman nan konesans ak kwayans manm kominote a; e yo te devlope kapasite ak koneksyon ki sèvi kòm baz ak sipò pou chanjman. Nan Faz 4 (Aksyon) Ekip la ak Rezo a ap ede manm kominote a detèmine aksyon ki pou ogmante pouvwa tifi ak anpeche vyolans nan kominote a. Sa genyen ladan li chanjman konpòtman gress moun ansanm ak pledwaye.

Kisa k'pledwaye'

Pledwaye nan Kore Tifi se yon pwosesis ki pèmèt aktivis mete pouvwa yo ansanm pou chanje yon sistèm, yon lwa oubyen yon regleman. Pledwaye ale pi lwen pase chanje konpòtman yon gress moun, travay pledwaye fèt pou pote chanjman nan enstitusyon onivo lokal, reyjonal ak nasional. Chanjman sa yo fòmèl e yo chita nan estrikti, sa vle di yo chanje fason yon enstitusyon oubyen yon gwoup fonksyon. Pa egzanp, lidè relije, antanke gress moun, kapab chanje pwòp konpòtman pa yo--nan mete sijè sou balans pouvwa, fason pou moun viv san vyolans ak pouvwa tifi regilyèman nan prèch yo. Oubyen tou yo kapab fè pledwaye pou chanje sistèm legliz yo--lè yo pran dekrè ki mande pou sijè kle sa yo antre regilyèman nan prèch lidè yo. Konsa, pratik sa a ap kontinye nan legliz la menm si lidè ki te vreman ap pouse lide a pa la ankò.

"Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo Faz 4" (paj 12) genyen lide pou manm Ekip sou fason estratejik pou yo bay sipò pou pledwaye ak lòt aksyon ki pèmèt chanjman konpòtman pandan Faz 4 ap dewoule.

An plis de sa, Faz 4 genyen bonkou materyèl mobilizasyon kominotè ki enpòtan pou manm yon kominote k ap pase alaksyon pou sekirite tifi, lavwaochapit yo ak santiman sou chanjman yo kapab fè plis ekilib pouvwa ant tifi ak ti gason. Se manm Ekip ak Rezo Kore Tifi ki dwe sèvi ak materyèl sa yo anvan, yo pral idantifye regleman lokal, dekrè kominal, opòtinite bò kote gress oubyen gwoup moun pou poze aksyon. Apre sa, Ekip la pral ede manm Rezo a pou yo ka itilize materyèl yo avèk anpil lòt manm kominote a pou pwosesis chanjman an vanse.

Objektif

Objektif Faz 4 se:

- 1) Ekip la, Rezo a ak kominote a sèvi ak pouvwa yo pou deklenche aksyon kont vyalans sou tifi.
- 2) Kontinye ranfòse kapasite manm Ekip ak Rezo Kore Tifi:
 - ✓ Fè yon plan pou Faz 4 ki angaje tout sèk enflyians yo.
 - ✓ Reyalize tout **aktivite** Faz 4 (Aksyon) *ki nan Lis Aktivite Faz 4 (gade pwochen paj la)*
 - ✓ Fasilite yon pwosesis mobilizasyon kominotè ki pote manm kominote a chanje konpòtman.
 - ✓ Fè pledwaye pou genyen nouvo regleman nan divès enstitisyon k ap pèmèt bon chanjman ki fèt rete nan kominote a.



Rezulta

Nou pral enspire manm kominote a pou yo fè kèk chanjman espesifik nan konpòtman yo. Lè nou jwenn rezulta pi ba yo, nou konnen nou atenn objektif yo pou Faz 4 e nou pare pou nou kite Rezo kominotè a pran travay aktivis la an men.

Remak: Si nou ap sèvi ak metodoloji Kore Tifi ansanm ak *SASA!*, pa blye gade Rezime Jeneral Faz Aksyon *SASA!* pou nou jwenn yon lis rezulta ki mache ak *SASA!* epi asire nou reyalize rezulta Faz 4 toude metodoloji yo.

Rezulta 1: Manm kominote a demonstre **konpòtman** sa yo:

- * Paran pèmèt ti gason ak tifi viv egal-ego lakay yo avèk pouvwa ki ekilibre (egzanp: yo pataje travay nan kay ant ti gason ak tifi, yo voye ni tifi ni ti gason lekòl menm jan, elatriye).
- * Ankouraje tifi pran lapawòl ak bay dizon yo.
- * Koute tifi lè yo pale—nan kay, nan lekòl, ak nan lòt espas nan kominote a.
- * Pase alaksyon pou anpeche vyolans nan kominote a.

Rezulta 2: Tifi rapòte chanjman sa yo nan **konpòtman** pa yo ak pa lòt tifi:

- * Pataje travay nan kay egal-ego avèk ti gason.
- * Pouvwa ekilibre ant ti gason ak tifi nan kay la. (egzanp: yo genyen menm kantite tan pou etidye, jwe menm jan avèk ti gason; yo genyen menm dwa ak reskonsabilite avèk ti gason, elatriye).
- * Santi ti gason respekte yo.
- * Selon laj ak matirite yo, yo pran desizyon sou pwòp lavi yo (egzanp: relasyon yo devlope, kò yo, lajan yo elatriye).
- * Santi yo an sekirite lakay yo, nan lekòl ak lòt kote nan kominote a.

- * Antre lekòl (nan laj nòmal).
- * Patisipe regilyèman nan aktivite kominote a (klèb, gwoup, aktivite legliz, espò elatriye).
- * Pase alaksyon pou anpeche vyolans nan kominote a.
- * Pa fè bagay ni sèvi ak kò yo pou yo peye lekòl, jwenn lajan oubyen lòt favè/kado.

Lis aktivite

Lis pi ba a genyen tout aktivite ki pi enpòtan nou dwe reyalize nan Faz 4 (Aksyon).

Faz 4 (Aksyon) Lis Aktivite		
✓	AKTIVITE	RESOUS
	<p>1. Regade tout materyèl Faz 4 (Aksyon). Tradui, adapte ak enprime tout materyèl mobilizasyon kominotè nou vle itilize.</p>	<p>Faz 4 (Aksyon):</p> <ul style="list-style-type: none"> * Afich Pouwva (paj 53) * Ti Komik Jesika No. 3 (paj 57) * Ti Komik Natali No. 3 (paj 59) * Ti Koze sou Lasante (paj 61) * Lide pou atik oswa repòtaj (paj 70) * Teyat (paj 74) * Ti Pale (paj 85)
	<p>2. Mete klasifikasyon resous kominotè ak lis referans la ajou.</p>	<p>Monte yon Rezo pou Chanjman (Faz 1 paj 17) ak Pwosesis Preparasyon Lekòl , Fòmasyon Pèsonèl Lekòl (Faz 1 paj 56)</p>
	<p>3. Fè fòmasyon ak sesyon pratik pou Ekip la ka sèvi ak materyèl mobilizasyon kominotè Faz 4</p>	<p>Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo, Faz 4 (paj 12)</p>
	<p>4. Fè fòmasyon Faz 4 pou menntò klèb tifi yo, pwen fokal nan lekòl, pwofesè lekòl, AK ak GAK yo</p>	<p>Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo, Faz 4 (paj 12)</p>
	<p>5. Fè fòmasyon pou pwofesè ki pral sèvi ak kourikoulòm Kore Tifi.</p>	<p>Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo, Faz 4 (paj 33)</p>

✓	AKTIVITE	RESOUS
	6. Mete ajou "Fichye Bezwèn ak Resous pou Tifi" avèk klèb tifi yo. Sèvi ak enfòmasyon yo pou tabli objektif pledwaye.	Kijan Kore Tifi ap Mache: Swivi ak Evalyasyon (Liv Entwodiksyon paj 45)
	7. Ede Rezo a identife objektif, fè plan dakson pou objektif pledwaye yo ak chanjman nan regleman yo vle pwopoze.	Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo, Faz 4 (paj 12)
	8. Rankontre AK yo, manm GAK yo, pwen fokal yo ak menntò yo, omwen yon fwa pa mwa. Nan reyinyon avèk yo, diskite estrikti ak objektif pou fè pledwaye ak lòt aksyon pou pouvwa tifi.	Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo nan Faz 4 (paj 12)
	9. Bay aktivite AK yo, pwen fokal nan lekòl yo, klèb tifi yo ak GAK yo bakòp; sèvi ak fòmilè swivi yo nan vizit sipò sa yo.	Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo, Faz 4 (paj 12)
	10. Fè swivi avèk manm direksyon plis pwen fokal lekòl yo pou mete sistèm referans la ajou epi, si gen bezwen pou sa, pou nouvo manm pèsònèl la siyen kòd konduit la.	Chwa ak Preparasyon Lekòl (Faz 1, paj 56-57)
	11. (Lè nou panse nou pare) Prepare nou pou nou fè evalyasyon Faz 4. * Si nou ap sèvi ak SASA! ansanm ak Kore Tifi, chwazi kesyon nan toude metodoloji yo.	Kijan Kore Tifi ap Mache: Swivi ak Evalyasyon (Liv Entwodiksyon paj 38) * Si nou ap sèvi ak SASA!, donk gade Koutje sou Faz Aksyon SASA!
	12. Fè seremoni "gradyasyon" nan kominote a, rekonèt ak apiye publikman travay aktivis manm Rezo a, plan pledwaye Rezo a plis kapasite estrikti Rezo a pou li travay endependan.	Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo, Faz 4 (paj 39)

Òganizasyon ki ap sèvi ak metodoloji SASA! tou, sonje genyen lòt aktivite ki nan Faz Aksyon SASA! ki pa nan Kore Tifi. Nou ap jwenn yo nan Medya ak Pledwaye; pa egzant: Aksyon, Fè yo wè w. Asire nou li tout liv Faz Aksyon SASA! a (li nan yon klasè ki genyen dimansyon katab). Li genyen zouti ak metòd k ap itil nou anpil. Pa egzant liv fòmasyon Faz Aksyon kapab itil anpil nan fòmasyon manm Ekip ak Rezo Kore Tifi.

E apre?

Lè nou panse n ap tandem e n ap gade kominote a ap fè demonstrasyon rezulta ki site pi wo yo, nou ap fè yon evalyasyon pou nou konnen si li lè pou nou pase mayèt la bay kominote a. Lè se kominote a ki pran an men travay aktivis pou kore pouvwa tifi, se yon moman rejwisans men tou se yon peryòd sansib kote anpil manm nan kominote a sanse "gradye" kòm aktivis. Se kòmansman yon nouvo etap nan relasyon ant Ekip Kore Tifi ak Rezo Kore Tifi nan kominote a.

Rezo a kòmanse mennen travay aktivis la san prezans kontinyèl Ekip la. Ideyalman, Rezo a pral detèmine pwòp objektif pledwaye li, pase alaksyon, akonpaye lòt manm kominote a nan pwosesis pou moun sa yo devni aktivis tou. Se menm jan apre yon elèv fin gradye lekòl, li pa kapab konte sou pwofesè li te genyen pou yo travay avèk li chak jou. Elèv la aprann konte sou sajès ak konpetans pa li. Rezo a ak Ekip Kore Tifi kapab rete an kontak, men se manm Rezo a ki ap deside sa yo ap fè ak sa yo te aprann.

Li enpòtan pou Ekip la sèvi ak mo tankou "gradyasyon" ak "pase mayèt la" pou evite tout malantandi ki kapab fè yon moun panse Ekip la abandone kominote a. Li enpòtan anpil pou Ekip la ede Rezo kominotè a konprann tranzisyon an nan fason pozitif, epi pou Rezo a pran reskonsabilite ki vini avèk wòl lidèchip li genyen pou pèmèt chanjman fè rasin nan kominote a! Ekip la kapab toujou bay aksyon Rezo a ap mennen jarèt apati rankont espesyal ki planifye ant Ekip la ak Rezo a chak trimès oubyen de (2) fwa pa lane. Oubyen tou Ekip la kapab solidè ak Rezo a nan travay pledwaye Rezo a mete sou pye. Men Ekip la pa dwe pran lidèchip nan efò pou gen chanjman dirab nan kominote a, li dwe ranfose travay Rezo a pito.

Egzanp kalandriye — Kore Tifi (6 mwa)

AKTIVITE	MWA 1	MWA 2	MWA 3	MWA 4	MWA 5	MWA 6
Regade tout materyèl Faz 4 (Aksyon). Tradui, adapte ak enprime tout materyèl mobilizasyon kominotè nou vle itilize.						
Mete klasifikasyon resous kominotè a ak lis referans la ajou.						
Fè fòmasyon ak sesyon pratik pou Ekip la ka sèvi avèk materyèl mobilizasyon kominotè Faz 4.						

AKTIVITE	MWA 1	MWA 2	MWA 3	MWA 4	MWA 5	MWA 6
Fè fòmasyon Faz 4 pou menntò klèb tifi yo, pwen fokal nan lekòl, pwofesè lekòl, AK ak GAK yo.						
Fè fòmasyon pou manm pèsònèl lekòl ki pral sèvi ak kourikoulòm Kore Tifi.						
Mete ajou "Fichye Bezwèn ak Resous pou Tifi" avèk klèb tifi yo. Sèvi ak enfòmasyon yo pou tabli objektif pledwaye.						
Ede Rezo a idantifye objektif, fè plan dakson pou objektif pledwaye yo ak chanjman nan regleman yo vle pwopoze.						
Rankontre AK yo, manm GAK yo, pwen fokal yo ak menntò yo, omwen yon fwa pa mwa. Nan reyinyon avèk yo, diskite estrikti ak objetif pou fè pledwaye ak lòt aksyon pou pouvwa tifi.						
Bay aktivite AK yo, pwen fokal nan lekòl yo, klèb tifi yo ak GAK yo bakòp; sèvi ak fòmilè swivi yo nan vizit sipò sa yo.						
Fè swivi avèk manm direksyon plis pwen fokal lekòl yo pou mete sistèm referans la ajou epi, si gen bezwen pou sa, pou nouvo manm pèsònèl la siyen kòd konduit la.						
(Lè nou panse nou pare) Prepare nou pou nou fè evalyasyon Faz 4.						
Fè seremoni "gradyasyon" nan kominote a, rekònèt ak apiye publikman travay aktivis manm Rezo a, plan pledwaye Rezo a plis kapasite estrikti Rezo a pou li travay endependan.						

Òganizasyon ki ap itilize *SASA!* tou kapab bezwen plis pase 6 mwa pou enplemantasyon. Asire nou ajoute pati aktivite ki sou Medya ak Pledwaye nan kalandriye nou!

GID POU KAPASITE
EKIP AK REZO
FAZ 4 (AKSYON)



Nan Faz 4, misyon an se chanje konpòtman ak pase alaksyon! Manm Ekip, Rezo ak tout kominote a sèvi ak pouvwa yo pou ankouraje yon lavi san vyolans ak pou bay pouvwa tifi jarèt. Faz 4 se dènye Faz nan Kore Tifi kote se manm Ekip ki ap mennen pwoesis chanjman nan kominote a. Men, travay aktivis nan kominote a pa fini nan fen Faz 4. Se pito yon kalte gradyasyon pou aktivis. Aktivis ki te enplike nan Kore Tifi genyen konpetans ak motivasyon anndan yo pou kontinye fè chanjman nan lavi yo tankou nan kominote yo. Nan fen Faz la, pral genyen seremoni piblik pou gradyasyon e se la manm Ekip la pral remèt Rezo a reskonsabilite travay aktivis nan kominote a. Apre sa, manm Ekip la ap disponib pou bay sipò kèk fwa, sitou nan rankont chak trimès avèk Rezo a oubyen lè Rezo a mande sa. Fòmasyon ak ankadreman nan Faz 4 fèt pou mennen nan moman kote tranzisyon sa a posib.

Apre gwoup aktivis sa yo gradye, manm Ekip la pral chwazi lòt kominote ki pou kòmanse nan Faz 1 Kore Tifi. Konsa, yo ap repepe sik chanjman an. Sa se ranfòse mouvman!

Dokiman sa a genyen konsèy pou fòmasyon ak ankadreman nan Faz 4. Li divize an seksyon pou gwoup sa yo:

- * Manm Ekip Kore Tifi (paj 16)
- * Aktivis Kominotè (AK) ak Gwoup Aksyon Kominotè (GAK) (paj 19)
- * Menntò klèb tifi (paj 25)
- * Pwofesè (paj 33)
- * Pwen fokal nan lekòl (paj 37)

Li empòtan pou manm Ekip la li tout dokiman sa a anvan yo kòmanse aktivite pou Faz 4. Lè yo ap angaje gwoup yo, manm Ekip la dwe refere yo ak seksyon patikilye ki pou chak gwoup. Li empòtan tou pou manm Ekip la li "Faz 4 Pazapa" (paj 4) epi pou yo alèz ak tout materyèl mobilizasyon kominotè Faz 4 anvan yo kòmanse fè fòmasyon.

Rezulta

Fòmasyon ak ankadreman nan Faz 4 fèt pou mennen nan rezulta Faz 4 yo (gade "Faz 4 Pazapa", paj 4). Chak gwoup jwe wòl diferan pou chanjman fèt nan kominote a; sa fè chak gwoup bezwen fòmasyon ak ankadreman ki yon ti jan diferan tou. Pa konsekhan, genyen objektif aprantisaj pou chak gwoup ki prezante nan seksyon pi ba yo.

Koutje sou Fòmasyon

Nan Faz 4, manm Ekip ak Rezo genyen pi bon relasyon e yo pi byen konekte ak kominote a. Yo ap travay pou chanjman konpòtman ak pou genyen estrikti nan kominote a ki ankouraje ekilib pouvwa. Yo fè chanjman ki reyèl nan pwòp lavi pa yo ak nan relasyon yo. Yo sèvi ak pouvwa yo nan fason pozitif pou yo pase alaksyon pou genyen nouvo arete, nouvo regleman, nouvo politik, nouvo klèb tifi e pou genyen pi bon resous ki pou pèmèt pouvwa tifi vanse. Pou sa, manm Ekip ak Rezo bezwen kwè nan tèt yo, nan pouvwa kolektif e yo bezwen ranfòse kapasite yo pou fè pledwaye.

Kisa pledwaye ye?

Pledwaye nan Kore Tifi se yon pwosesis ki pèmèt aktivis mete pouvwa yo ansam pou chanje yon sistèm, yon lwa oubyen yon regleman. Pledwaye ale pi lwen pase chanje konpòtman yon gress moun, travay pledwaye fèt pou pote chanjman nan enstitisyon onivo lokal, reyjonal ak nasional. Pou lide espesifik sou pledwaye konsènan pouvwa tifi, gade sesyon "Yon tèm mwen gen kè pou li" nan Kourikoulòm Syans Sosyal (Faz 4, paj 9).

Nan Faz 4, manm Ekip ak Rezo pral genyen anpil opòtinite pou sèvi ak kreyativite yo pou yo kòmanse fè pledwaye. Yo pral bezwen fòmasyon sou fason pou yo fè sa byen. Li itil tou pou manm Rezo yo genyen kapasite ak koneksyon pou yo kontribiye nan efò pou pledwaye ki dejà ap fèt, nan kolaborasyon ak lòt òganizasyon, lòt aktivis.

Pou reyalize rezulta Faz 4 yo, chak gwoup bezwen fòmasyon espesifik pou ranfòse kapasite yo. Detay sou sa prezante pi ba, nan seksyon ki sou chak gwoup.

Koutje sou Ankadreman

Nan kòmansman Faz 1a, Ekip la pral fè yon lòt evalyasyon pou konnen kiyès ki pi bezwen ankadreman ak kiyès ki pi apwopriye pou jwe wòl ankadrè nan Ekip la. Sonje chak manm Ekip kapab ankadre plizyè moun—se toujou 25 a 30 moun pou pi plis, epi mwens nan zòn riral ak zòn moun pa kapab sikile pou rankonte lòt moun rapid. Ekri lis ki revize pou patenarya nan ankadreman pou Faz 4 (ki manm Ekip ki ap ankadre kiyès). Asire nou chak ankadrè konnen kiyès li pral bay sipò, epi konprann tout ti chanjman ki dwe genyen nan wòl li selon moun oubyen gwoup li ap ankadre.

Preparasyon pou gradyasyon

Bi ki vize ak ankadreman nan Faz 4 se, pèmèt manm Rezo a ranfòse konpetans yo ak konfyans nan tèt yo pou yo pi otonòm e pou yo pran lidèchip nan travay aktivis pou ranfòse pouvwa tifi nan kominote a. Tranzisyon sa a mande pou wòl manm Ekip ki ap bay ankadreman vin yon wòl preparasyon aktif ki pral pèmèt moun ki ap resevwa ankadreman vin otonòm. Sa vle di yo pral vole ak pwòp zèl pa yo. Rive kounye a, manm Rezo a déjà genyen anpil koneksyon e yo fè sèk aktivis pouvwa tifi vin pi laj. Atravè koneksyon yo, lide pou aksyon pral kòmanse soti. Faz 4 se peryòd pou soufle tizon dife a epi ede nouvo lide yo pran fòm ak direksyon. Manm Rezo ki genyen eksperyans e ki te vin menntò pou lòt moun nan kominote a kapab kòmanse apiye lide sa yo. Menm jan tou, manm klèb tifi vin genyen plis kapasite e yo kapab ap panse sou mwayen pou yo sèvi ak pouvwa yo pou kore pouvwa tifi. An menm tan tou, manm Rezo ap jwe wòl ankadrè pou tifi ki pwòch yo. Li enpòtan anpil pou manm Ekip ede manm Rezo travay ansanm avèk tifi sa yo. Konsa manm Rezo pral entegre lide, bezwen ak opinyon tifi nan pwòp aksyon pa yo. Koute tifi tout bon vre, se yon pati nan chanjman Kore Tifi ap pwopoze pou kominote yo reyalize.

Fasilite koneksyon yo

Moun ki ap jwe wòl ankadrè pral kontinye fasilite koneksyon ki bay lide Kore Tifi lavwaochapit ak pouvwa. Li enpòtan tou pou nou òganize yon rankont pou tout manm Rezo nan Faz 4 si posibilité yo pèmèt sa. Oubyen tou, pou nou kontinye sezi opòtinite pou gwoup yo pataje lide ak eksperyans. Olye nou fè rankont separe pou pwen fokal nan lekòl, AK ak manm GAK, mete yo ansanm nan rankont kapab yon estrateji ki ankouraje lide soti epi pran fòm pou devlopman lidèchip pi devan. Manm Ekip kapab kontinye fasilite echanj ant lidè nan Rezo a avèk otorite ki eli yo, lidè kominotè ak lòt. Moun sa yo kapab itil nan ede Rezo a atenn objektif li genyen pou aksyon kolektif.

Dokimante pwogrè ki fèt

Menm jan sa te fèt anvan, manm Ekip pral dokimante pwogrè ak defi yo rankontre sou wout pou yo reyalize rezulta yo te vize yo. Manm Ekip la pral kontinye ranpli Fòm pou Rapò Aktivite ki prezante nan "Kijan Kore Tifi ap mache? Swivi ak Evalyasyon" (Liv Entwodiksyon, paj 46) epi bay fidbak regilye sou aktivite nan kominote a. Fòmilè sa a ede ankadrè yo bay fidbak espesifik ak swiv pwogrè ki te fèt. Nou kapab swiv pwogrè yo tou nan Rankont Ekip pou Swivi ak Evalyasyon chak trimès (gade "Kijan Kore Tifi ap mache?" Liv Entwodiksyon, paj 56). Si Ekip la devlope lòt fòmilè senp ki pou ranpli nan fen chak sesyon ankadreman, kontinye analize yo nan Rankont Ekip sou Swivi ak Evalyasyon.

Nan tout seksyon ki pi ba yo, nou pral jwenn egzanp opòtinite pou ankadreman ki koresponn a chak gwoup. Sèvi ak egzanp yo pandan nou ap kontinye chèche lòt opòtinite pou nou ede moun nou ap bay ankadreman pran lidèchip pou mennen aksyon pou chanjman!

Manm Ekip

Pandan manm Rezo a chanje konpòtman yo epi ranfòse pouvwa kolektif yo pou fè chanjman, manm Ekip la ap ede yo kenbe aksyon yo sантre sou tifi. Kòm yo konnen wout pou yo swiv, nou kòmanse wè kote nou te vle rive a!

OBJEKTIF APRANTISAJ POU FAZ 4:

Asire Ekip la gen konpetans pou li fè rezulta Faz 4 yo ateri nan Rezo a, e li kapab:

- * Kreye yon Plan Dakson pou Faz 4 ki angaje tout sèk enflyans yo.
- * Bay tifi bon jan referans pou yo gen aksè ak resous kominate a.
- * Bay egzanz yon pouvwa ki ekilibre nan relasyon yo, ant tifi ak ti gason, ak nan entèakson avèk manm kominate a.
- * Defini objektif klè ki apwopriye pou pledwaye e ki mete vwa ak pèspektiv tifi kòm poto mitan nan rezulta yo ap chèche.
- * Sèvi ak materyèl mobilizasyon Faz 4 yo pou fasilitate bon jan kalte echanj ak brase lide.
- * Bay aktivite Rezo a jarèt.
- * Itilize fòmilè swivi pou dokimante pwogrè ak bay bon jan fidbak.
- * Reyalize Fòmasyon Faz 4 ak rankont Rezo.
- * Reyalize evalyasyon Faz 4 epi konpare done yo ak sa ki te vini anvan.
- * Ranfòse pouvwa manm Rezo a pou yo kontinye mennen pwosesis chanjman an.

FÒMASYON MANM EKIP

Li enpòtan pou tout manm Ekip la patisce nan yon fòmasyon ki dire plizyè jou anvan Ekip la derape ak aktivite Faz 4 yo. Sa dwe ede manm Ekip la genyen yon bon lide sou kontni Faz 4 la, epi konnen wòl yo nan pwosesis chanjman an. Apre fòmasyon Faz 4 la, nou kapab fè lòt sesyon fòmasyon pou rann manm Ekip la pi efikas pou yo reyalize rezulta Faz sa a. Sesyon sa yo kapab pi kout e yo ap fèt nan orè regilye travay la.

Pou lòt sipò teknik nan zafè fòmasyòn pou manm Ekip Kore Tifi, silvouplè kontakte Pwogram Repanse Pouva sou annanpechevyolans@gmail.com, oubyen veye opòtinite pou fòmasyon sou repansepouvwa.org

Fòmasyon Faz 4 vize plis ranfòsman konpetans nan fè pledwaye, monte rezo solid, ranfòse mouvman, devlope lidèchip, fè swivi ak evalyasyon, ak fè fasilitasyon. Fòmasyon yo pral pèmèt manm Ekip la reflechi sou kèk pwoblèm nan pwòp lavi yo, pandan sa yo ap aprann pral pèmèt yo fasilite sesyon fòmasyon pou manm Rezo a. An plis resous ki nan Kore Tifi, genyen anpil-anpil materyèl pou aprantisaj ki egziste e ki kapab ede manm Ekip la ranfòse kapasite yo sou sijè sa yo. Li rekòmande pou manm Ekip la chèche materyèl konsa pandan yo ap ankouraje aksyon kolektif ak chanjman konpòtman nan Faz 4.

Pou Òganizasyon k ap sèvi ak Kore Tifi ansanm ak *SASA!*, konnen genyen sesyon fòmasyon ki menm pou toude metodoloji yo. Nou kapab jwenn anpil nan sesyon fòmasyon yo nan Modil Fòmasyon Faz Aksyon *SASA!* "Ankouraje Chanjman Konpòtman," disponib sou: repansepouvwa.org


ANKADREMAN MANM EKIP

Li kapab itil pou nou reevalye si patenarya pou ankadreman ant manm Ekip ki genyen anpil eksperyans ak lòt manm Ekip dwe kontinye. Oubyen tou si genyen kèk chanjman ki bezwen fêt pou plis aprantisaj ak pi bon rapò travay pami manm Ekip la. Nouvo kapasite ki nesesè pou Faz 4 la tankou, ranfòsman mouvman ak kapasite nan zafè pledwaye kapab mande pou nou repanse patenarya ankadreman yo. Oubyen tou ankadrè yo dwe jwenn lòt materyèl ki soti nan lòt sous pou pèmèt manm Ekip kontinye grandi nan domèn ki site yo.

Kèk opòtinite pou nou bay manm Ekip ankadreman nan Faz 4:

- ✖ Fè similasyon sou fason pou abòde kesyon gradyasyon ak etap ki vin apre gradyasyon jan manm Rezo ka wè tout aspè pozitif sa pote.
- ✖ Fè similasyon sou fason pou kore aksyon Rezo a pwopoze ak lide pou pledwaye san nou pa pran lidèchip nan men manm Rezo a.
- ✖ Pataje atik oubyen lòt tèks sou mouvman sosyal ki reyisi oubyen sou istwa ak rezulta aksyon pledwaye, epi brase lide sou yo ansanm.

- * Manje nan mitan jounen ansanm epi pwofite moman sa yo pou nou fè deba ki fran sou sijè ki gen rapò ak kalite konpetans manm Ekip la dwe genyen.
- * Prepare pwen kle ki pou sèvi kòm gid pou sa nou pral di sou zafè pledwaye anvan gwo rankont oubyen evenman.
- * Fè rankont apre chak evenman enpòtan pou nou tire lesyon ak reflechi sou yo.
- * Vizite manm Ekip lakay yo, lè sa apwopriye, pou plis refleksyon ak entèaksyon onivo pèsonèl.
- * Patisipe nan aktivite komunitè enpòtan manm Ekip la ap mennen.



Aktivis Kominotè (AK) ak Gwooup Aksyon Kominotè (GAK)



*AK ak manm GAK bay enspirasyon pou chanjman konpòtman ak aksyon nan tout kominote a
pandan yo ap pote lide Kore Tifi nan lavi kominote a!*

OBJEKTIF APRANTISAJ POU FAZ 4:

Asire AK yo ak manm GAK yo genyen konpetans pou fè rezulta Faz 4 yo ateri nan tout kominote a, e yo kapab:

- * Bay egzanp yon pouvwa ki ekilibre nan relasyon yo, ant tifi ak ti gason, ak nan entèaksyon ak manm kominote a.
- * Pase alaksyon pou bay jarèt ak manm kominote ki ap eseye balanse pouvwa yo nan relasyon yo ak nan kominote a.
- * Fè fasilitasyon ak tout materyèl mobilizasyon kominotè Faz 4.
- * Defini objektif klè ki apwopriye pou pledwaye e ki mete vwa ak pèspektiv tifi kòm poto mitan nan rezulta yo ap chèche.
- * Itilize bon pratik mobilizasyon kominotè (egzanp: poze kesyon, angaje fi kou gason, jwenn okazyon pou travay aktivis chak jou).
- * Angaje manm kominote a ki patisce regilyèman nan aktivite ak jefò pou pledwaye, epi ede yo devlope pwòp lidèchip pa yo.
- * Bay tifi ak fanm bon jan referans pou yo gen aksè ak resous kominote a.

FÒMASYON AK AK MANM GAK

AK

Li enpòtan pou manm Ekip la òganize ak fasilité twa (3) jou fòmasyon pou tout AK. Ideyalman se pou 3 jou fòmasyon sa yo fèt youn dèyè lòt nan kòmansman Faz 4 la. Asire nou plase 3 jou sa yo nan peryòd ki pi bon pou AK yo e ki pèmèt yo patisipe plis posib nan fòmasyon an. Si bidjè ak reyalite a pèmèt sa, li rekòmande pou fòmasyon an fèt kote patispan yo dòmi-leve. Sa ap ede yo ranfòse relasyon antre yo.

Nan Faz 4, fòmasyon an vize pou AK yo vin pi devan lidè nan mouvman pou ranfòse pouvwa tifi. Fòmasyon an plis chita sou konpetans espesifik ki prezante nan objektif aprantisaj pou AK yo.

Manm GAK

Li pa nesesè pou nou fè fòmasyon entansif nan espas kote manm GAK yo dòmi-leve. Nou kapab chwazi repati kontni ki pou 3 jou Fòmasyon AK yo sou youn al de (2) mwa, selon kalandriye manm GAK yo. Pou pèmèt plis patisipasyon posib, mete sesyon fòmasyon yo anndan aktivite ki te deja planifye pou manm GAK yo, si sa nesesè.


Men yon egzanp ajennda pou fòmasyon AK ak manm GAK pi ba a. Egzanp ajennda sa a òganize pou AK, men konsidere bezwen ak enterè chak GAK pou nou òganize li pou manm GAK yo tou. Toujou pran an kont nyans ki egziste ant GAK yo, epi planifye omwen yon sesyon pou nou brase lide sou jan kontni fòmasyon an mache yon fason espesifik ak wòl patisipan yo selon yo se manm yon GAK oubyen yon lòt. Ede yo detèmine patikilyèman objektif pledwaye ki apwopriye ak gwooup oubyen enstitisyon yo fè pati. Chwazi kèk manm GAK ki pou patisipe nan rankont avèk lòt gwooup ki nan Rezo a. E selon disponibilite manm GAK sa yo, ede yo fè kontak avèk lidè kominotè, moun ki reskonsab resous nan kominote a.

MODÈL AJENNDA FÒMASYON:

1ye jou: Chanje konpòtman

LÈ	SESYON	REFERANS
8:30 - 9:30	Byenvini! <i>Anbyans ak entwodiksyon, objektif ak atant</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
9:30 - 10:00	Kisa ki rive apre Faz 4? <i>Entwodiksyon sou enpòtans ranfòsman lidèchip pou rive nan gradyasyon nan fen Faz 4 la</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an

LÈ	SESYON	REFERANS
10:00 - 10:45	Pataj eksperyans ak defi nan travay aktivis <i>Patisipan yo pataje eksperyans yo ak defi yo rankontre depi yo kòmanse pou rive kounye a</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
10:45 – 11:00	Poz	
11:00 – 12:00	Fè sa ou di ou kwè <i>Patisipan konpare aksyon ak kwayans yo nan yon fason entèaktif</i>	Modil Fòmasyon Faz Aksyon SASA/ "Ankouraje Chanjman Konpòtman," disponib sou: repansepouvwa.org
12:00 - 1:00	Okazyon pou aktivis chak jou <i>Deba sou yon istwa ede dekouvrir opòtinite chak aktivis genyen chak jou nan lavi nou pou kreye chanjman</i>	Modil Fòmasyon Faz Aksyon SASA/ "Ankouraje Chanjman Konpòtman," disponib sou: repansepouvwa.org
1:00 - 1:45	Manje	
1:45 - 2:15	Travay aktivis pazapa (Ti pa Ti pa, zwazo fè nich li) <i>Jwèt ak dyalòg pou ede wè gwo aksyon pa ti etap ak aprann enpòtans selebrasyon siksè</i>	Modil Fòmasyon Faz Aksyon SASA/ "Ankouraje Chanjman Konpòtman," disponib sou: repansepouvwa.org
2:15 - 4:15	Motivasyon ak baryè nan travay aktivis (avèk poz ladan li) <i>Brase lide ak travay an gwooup pou reflechi sou sa ki motive nou pou nou pase alaksyon ak fason pou nou depase baryè ki bloke chanjman</i>	Modil Fòmasyon Faz Aksyon SASA/ "Ankouraje Chanjman Konpòtman," disponib sou: repansepouvwa.org
4:15 - 4:30	Evalyasyon ak kloti	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an



2yèm jou: Pledwaye

LÈ	SESYON	REFERANS
8:30 - 10:00	<p>Repriz gran pwen 1ye jounen an ak Dakò/Pa Dakò <i>Repriz, apre sa fasilitatè li deklarasyon sou pouvwa tifi. Patisipan yo vote avèk pye yo epi yo fè deba sou pwòp eksperyans ak pèspektiv pa yo.</i></p>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an. Dakò/Pa Dakò nan Liv "Sesyon Fòmasyon Siplemantè Kore Tifi," disponib sou: repansepouvwa.org
10:00 - 10:45	<p>Yon tèm mwen gen kè pou li <i>Brase lide ak travay an gwooup sou objektif pledwaye ki posib e ki ap enspire patisipan pou yo kore pouvwa tifi</i></p>	Kourikoulòm Syans Sosyal 3yèm ak 4yèm Ane Nouvo Segondè (Reto ak Filo), Faz 4, paj 9
10:45 - 11:00	Poz	
11:00 - 1:00	<p>Kominikasyon pou pledwaye <i>Fason pou chwazi pwen ak kominike objektif pledwaye avèk gwooup moun ki enpòtan pou kesyon an</i></p>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an, oubyen gade Liv "Sesyon Fòmasyon Siplemantè Kore Tifi," disponib sou: repansepouvwa.org
1:00 - 2:00	Manje	
2:00 - 2:30	<p>Pratik travay aktivis <i>Patisipan yo evalye divès istwa pou gade mwayen yo pi efikas pou yo pase alaksyon</i></p>	Modil Fòmasyon Faz Aksyon SASA/ "Ankouraje Chanjman Konpòtman," disponib sou: repansepouvwa.org
2:30 - 3:45	<p>Fè pratik ak Afich Faz 4 (Aksyon) <i>Fasilitatè yo fè demonstrasyon ak Afich Faz 4. Apre sa, patisipan yo fè pratik nan ti gwooup</i></p>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an, sèvi ak: Afich Faz 4, paj 53
3:45 - 4:15	<p>Reklame pouvwa ou <i>Aktivite tou kout ki ede patisipan yo gen konfyans nan pouvwa pa yo</i></p>	Modil Fòmasyon Faz Aksyon SASA/ "Ankouraje Chanjman Konpòtman," disponib sou: repansepouvwa.org

LÈ	SESYON	REFERANS
4:15 - 4:30	Evalyasyon ak kloti	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
Apre-midi nèt (Li Pa obligatwa)	Ti Fèt! <i>Aktivite ki pa obligatwa — opòtinite pou relasyon pi sere ak pou youn aprann konnen lòt nan yon anbyans sosyal ki pi rilaks</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an

3yèm jou: Ranfòse konpetans pou chanjman

LÈ	SESYON	REFERANS
8:30 - 10:00	Repriz gran pwen 2yèm jounen an ak Dakò/Pa Dakò <i>Repriz, apre sa fasilitè li deklarasyon sou pouvwa tifi. Patisipan yo vote avèk pye yo epi yo fè deba sou pwòp eksperyans ak pèspektiv pa yo.</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an. Dakò / Pa dakò nan Liv "Sesyon Fòmasyon Siplemantè Kore Tifi," disponib sou: repansepouvwa.org
10:00 - 11:00	Opòtinite pou pledwaye ki egziste <i>Prezantasyon yon panèl oubyen manm Ekip sou efò nan pledwaye konsènan pouvwa tifi, nan nivo lokal ak nasyonal plis pou anpeche vyolans sou tifi ak fanm, avèk mwayen pou moun angaje ladan yo</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
11:00– 11:15	Poz	
11:15 – 1:00	Fè pratik ak Materyèl Mobilizasyon Kominotè Kore Tifi <i>Patisipan fè ti gwooup kote yo pratique fasilitasyon avèk materyèl mobilizasyon kominotè Faz 4.</i>	Ti pale ak paran 1 ak 2 Faz 4, paj 85; Teyat Faz 4, paj 74; lòt materyèl ki apwopriye pou AK oubyen materyèl ki apwopriye pou manm GAK
1:00 - 1:45	Manje	
1:45 - 3:00	Brase lide an gwooup sou objektif pledwaye <i>Ti gwooup ak gwo gwooup brase lide sou objektif pledwaye ki posib, avèk brase lide sou fason tifi pral ede detèmine objektif ak patisipe nan chwazi yo</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an

3:00 - 3:15

Poz

3:15 - 4:15

Plan Daksyon

Fè plan pou aktivite ak lè rankont chak mwa.

Pou AK yo: Kreye yon kalandriye aktivite pou mwa apre a, kote chak AK angaje tèt li pou premye aktivite li nan kominote li. Chwazi lè rankont chak mwa pou chak kominote, tonbe dakò epi kenbe lokal ak lè nou chwazi pou premye rankont la.

Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an

Pou GAK yo, (si li posib): Kreye yon kalandriye aktivite ki baze sou kalandriye nòmal gwoup yo. Mete lè ki pou sèvi pou sesyon fòmasyon nan aktivite ki te deja planifye ak fason chak gwoup kapab angaje lòt moun.

4:15 - fen

Evalyasyon ak Selebrasyon**ANKADREMAN AK AK MANM GAK**

Nan Faz 4, manm Ekip kontinye mete bon jan atansyon sou ankadreman AK. Yo kontinye fè rankont ak gwoup AK e yo vizite ase souvan aktivite AK fè nan kominote a (yo fè sa pou manm GAK tou men, nan yon nivo ki pi ba). Manm Ekip ak AK kontinye planifye kalandriye aktivite chak mwa, e yo ranpli tout fòm pou rapò sou zafè swivi ak evalyasyon. Yo sèvi ak rapò sa yo pou amelyore kalite aktivite yo. Pandan Faz 4 la, manm Ekip kapab fè rankont AK, manm GAK ak pwen fokal nan lekòl ansanm. Sa kapab pèmèt lide pou aksyon ak objektif pou pledwaye ki soti nan Rezo a pi klè e pi byen adapte ak reyalite kominote a. Manm Ekip kapab ede AK yo ak Rezo a jwenn kapasite pou byen koute tifi epi kanalize lide tifi nan aksyon.

Kèk opòtinité pou ankadreman nan Faz 4:

- ✖ Rankont AK chak mwa oubyen de (2) fwa pa mwa.
- ✖ Vizit sipò manm Ekip nan aktivite AK ak manm GAK fè.
- ✖ Ankouraje AK yo / manm GAK yo patisipe nan fè plan dakson avèk Rezo a, nan lide pou pran an kont nan aksyon yo pèspektiv ak priorite klèb tifi.
- ✖ Prepare pwen kle ki pou sèvi kòm gid pou sa nou pral di sou zafè pledwaye anvan gwo rankont oubyen evenman, epi fè kontrandi apre.
- ✖ Vizite AK ak manm GAK lakay yo, lè sa apwopriye, pou ede pote sijè yo nan yon nivo refleksyon ki pi fon e ki plis pèsònèl.

Menntò klèb tifi

Menntò klèb tifi ede tifi chanje konpòtman, ranfòse lavwaochapit ak pouvwa yo genyen ansanm. Lavwaochapit tifi se poto mitan mouvman Kore Tifi pou chanjman!

OBJEKTIF APRANTISAJ POU FAZ 4:


Asire menntò klèb tifi yo genyen konpetans pou yo ede tifi yo reyalize objektif Faz 4 yo, e yo kapab:

- * Bay paran ak manm kominote a esplikasyon sou novo aktivite Kore Tifi yo nan Faz 4.
- * Bay tifi referans apwopriye pou yo genyen aksè ak resous kominote a.
- * Esplike byen klè potansyèl chanjman konpòtman ak kesyon pledwaye ki asosye ak chak nan sis (6) sijè klèb tifi yo.
- * Chwazi ak fasilitate aktivite klèb tifi ki rekòmande nan "Gid Aktivite pou Klèb Tifi" (Faz 4, paj 40) pou reyalize rezulta Faz 4 yo.
- * Itilize teknik fòmasyon patisipatif.
- * Fè bon jan fasilitasyon ak tout materyèl mobilizasyon kominotè Faz 4.
- * Defini objektif pou pledwaye ak mete sou pye klèb tifi ki otonòm.

FÒMASYON MENNTÒ KLÈB TIFI

Nan Faz 4, manm Ekip la kapab fè yon seri fòmasyon pou menntò yo. Chak fòmasyon nan seri a ap dire yon jou. Yon fòmasyon plizyè jou pa rekòmande paske Menntò yo genyen pou yo aprann ak pratike sesyon sou sis (6) sijè klèb tifi. Yon fòmasyon sou plizyè jou youn dèyè lòt kote menntò ta gen pou aprann anpil novo sesyon ak sijè ta twò lou sou yo. Li kapab pi itil pou nou fè yon jounen fòmasyon chak kèk semenn, plis lòt sesyon fòmasyon ak pratik ant jounen fòmasyon yo si gen bezwen pou sa.

Fòmasyon menntò nan Faz 4 vize ranfòse konpetans menntò yo pou fasilitate kontni Faz la nan sis (6) sijè klèb tifi yo, epi pou ede yo pase alaksyon sou sijè sa yo. Tifi yo ka vin pa enterese ankò ak klèb yo si yo pa santi yo toujou ap aprann e lidèchip yo ap devlope. Donk, bay menntò yo fòmasyon sou fason ki ap pèmèt tifi yo rete enterese ak klèb yo, e ki ede tifi devlope lidèchip yo. An plis, kèk nan tifi yo kapab santi gwo malèz akoz yo pral gradye nan



klèb yo, nan fen Faz 4 la. Li enpòtan pou nou ede tifi yo devlope kontak avèk estrikti ki deja egziste yo, oubyen pou yo kreye pwòp klèb pa yo, yon fason pou pèmèt tifi ki te nan klèb yo ede lòt tifi benefisyé menm kalte opòtinite avèk yo. Sa pral mande bon jan ranfòsman konpetans ak sipò pou tifi yo, donk bon jan atansyon sou fòmasyon ak ankadreman menntò yo. Pou plis lide, li kapab itil pou menntò yo ak tifi ki enterese monte klèb pa yo regade "Gid pou Kreyasyon Klèb Tifi" nan Faz 1 (paj 25).

Menm jan ak nan lòt Faz, menntò yo kapab fasilité pifò fòmasyon yo ap fè nan klèb yo. Pou sa, fòk yo jwenn sipò alavans nan men manm Ekip. Se yon mwayen tou pou yo apwofondi konesans yo ak pratike kapasite pou yo fasilité. Manm Ekip kapab bay ankadreman nan preparasyon, epi fè similasyon alavans. (Pou yon rapèl sou fason pou bay ak resevwa fidbak, gade seksyon Bay ak Resevwa Fidbak nan Liv "Sesyon Fòmasyon Siplemantè Kore Tifi," disponib sou: repansepouvwa.org). Asire nou kreye ase opòtinite ki pèmèt menntò yo fè pratik; se pou yo kapab genyen siksè nan fè fasilitasyon pou klèb dinamik ki ap deklannche chanjman nan lavi tifi.

Pi ba a, se yon modèl ajennda nou kapab itilize kòm yon gid. Ajiste li pou nou kapab reponn ak bezwen klèb nou.

MODÈL AJENNDA FÒMASYON: MENNTÒ KLÈB TIFI (FAZ 4)

1ye jou: Aksyon ki bay rezulta

LÈ	SESYON	REFERANS
8:30 - 9:30	Byenvini! <i>Anbyans ak entwodiksyon, objektif ak atant</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
9:30 - 10:00	Kisa ki rive apre Faz 4? <i>Entwodiksyon sou enpòtans ranfòsman lidèchip pou rive nan gradyasyon nan fen Faz 4 la</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
10:00 - 10:45	Pataj eksperyans ak defi nan travay aktivis <i>Patisipan yo pataje eksperyans yo ak defi yo rankontre depi yo kòmanse pou rive kounye a</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
10:45 - 11:00	Poz	
11:00 - 12:00	Fè sa ou di ou kwè <i>Patisipan konpare aksyon ak kwayans yo nan yon fason entèaktif</i>	Modil Fòmasyon Faz Aksyon SASA! "Ankouraje Chanjman Konpòtman," disponib sou: repansepouvwa.org

LÈ	SESYON	REFERANS
12:00 - 1:00	Travay an gwooup: Fason pou òganize envitasyon pou ekspè vin pale ak pwojè sèvis <i>Fòme twa (3) gwooup, chak gwooup ap gade yon lide pou aksyon nan kourikoulòm Kore Tifi pou lekòl (moun ki vin pale ak yo oubyen 2 sèvis pwojè). Gwooup yo ap reflechi sou fason yo kapab adapte lide yo pou klèb tifi</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an. Kourikoulòm Syans Sosyal 3yèm ak 4yèm Ane Nouvo Segondè (Reto ak Filo), Faz 4, paj 18 plis kourikoulòm Biyoloji 3yèm ak 4yèm Ane Nouvo Segondè (Reto ak Filo) Faz 4, paj 4 ak paj 12
1:00 - 2:00	Manje	
2:00 - 4:15	Motivasyon ak baryè nan travay aktivis (avèk poz ladan li) <i>Brase lide ak travay an gwooup pou reflechi sou sa ki motive nou pou nou pase alaksyon ak fason pou nou depase baryè ki bloke chanzman</i>	Modil Fòmasyon Faz Aksyon SASA/ "Ankouraje Chanzman Konpòtman," disponib sou: repansepouvwa.org
4:15 - 4:30	Evalyasyon ak kloti	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an

2yèm jou: Sijè esansyèl klèb tifi, 1 ak 2 (Pouvwa ak Kominikasyon)

LÈ	SESYON	REFERANS
8:30 - 9:00	Repriz <i>Rezime kreyatif oubyen ki gen vi sou kontni jou anvan an</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
9:00 - 10:00	Sis (6) sijè esansyèl ak objektif aprantisaj Faz 4 (Sijè 1 ak 2 : Pouvwa ak Kominikasyon) <i>Revize sis (6) sijè esansyèl yo ak objektif aprantisaj pou sijè esansyèl 1 ak 2</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an. Objektif aprantisaj ki nan Gid pou Aktivite Klèb Tifi Faz 4 (paj 44-paj 50)
10:00 - 11:00	Ti Pale ak Paran 1 ak 2, Faz 4 (Aksyon) <i>Menntò yo patisipe pandan manm Ekip ap fasilité Ti pale ak paran 1 ak 2, Faz 4</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an, sèvi ak: Ti Pale ak Paran 1 ak 2 Faz 4, paj 85
11:00 - 11:15	Poz	

LÈ	SESYON	REFERANS
11:15 - 12:00	<p>Ti Pale pou Paran ak Ptit yo: Pouvwa temwen (avèk fidbak) <i>(Se menntò ki fasilité sesyon an)</i> <i>Menntò yo aprann fasilité yon ti pale pou paran avèk ptit yo</i> <i>Opòtinite pou bay fasilitatè a fidbak</i></p>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an, sèvi ak: Ti Pale pou Paran ak Ptit Faz 4, paj 92
12:00 - 1:00	<p>Reklame pouvwa ou (avèk fidbak) <i>(Se menntò ki fasilité sesyon an)</i> <i>Aktivite tou kout pou ede aktivis yo genyen konfyans nan pouvwa pa yo</i> <i>Opòtinite pou bay fasilitatè a fidbak</i></p>	Modil Fòmasyon Faz Aksyon SASA "Ankouraje Chanjman Konpòtman" disponib sou: repansepouvvwa.org
1:00 - 2:00	Manje	
2:00 - 3:00	<p>Nouvo lide pou komunikasyon (preparasyon) <i>Menntò divize an gwoup epi yo fè plan dakson sou fason yo pral entegre lide sou komunikasyon nan aktivite klèb yo. Gwoup 1 pral brase lide sou sesyon pratik yo ka fè avèk tifi sou fason pou yo pale devan gwoup moun. Gwoup 2 pral brase lide sou fason pou ede tifi prepare pwen kle ki pou sèvi kòm gid pou sa nou pral di sou zafè pledwaye anvan gwo rankont oubyen evenman</i></p>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an, selon lide ki genyen nan Gid pou Aktivite Klèb Tifi Faz 4, paj 45
3:00 - 3:15	Poz	
3:15 - 3:45	<p>Nouvo lide pou komunikasyon (prezantasyon) <i>Apre sesyon preparasyon an, menntò yo prezante plan dakson yo bay gwo gwoup la pou jwenn kòmantè. Yo ranfose kapasite yo, selon bezwen yo genyen, sou fason pou yo prepare pwen kle ki pou sèvi kòm gid pou sa nou pral di sou zafè pledwaye anvan gwo rankont oubyen evenman.</i></p>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
3:45 - 4:15	<p>Plan Daksyon - Pouvwa ak Kominikasyon <i>Manm Ekip ak menntò fè Plan Daksyon pou fè pratik fasilitasyon oubyen pou entengre lòt sesyon ki te rekòmande nan de (2) premye sijè esansyèl yo</i></p>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an. Gade Gid pou Aktivite Klèb Tifi Faz 4, paj 44-45, pou lòt sesyon ak lide pou nou entegre nan Plan Daksyon
4:15 - 4:30	Evalyasyon ak kloti	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an

3yèm jou: Sijè esanyèl klèb tifi, 3 ak 4 (Lidèchip ak Zanmitay, Finans)

LÈ	SESYON	REFERANS
8:30 - 9:00	Repriz <i>Rezime kreyatif oubyen ki gen vi sou kontni jou anvan an</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
9:00 - 9:30	Objektif aprantisaj pou sijè esansyèl 3 ak 4 (Lidèchip ak Zanmitay, Finans) <i>Revize sis (6) sijè esansyèl yo ak objektif aprantisaj pou sijè esansyèl klèb tifi 3 ak 4, Faz 4</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an. Objektif aprantisaj ki nan Gid pou Aktivite Klèb Tifi Faz 4, paj 46 – 48
9:30 - 10:45	Nouvo lide aktivite pou Lidèchip ak Zanmitay (avèk prezantasyon) <i>Menntò yo divize an gwooup epi yo fè plan dakson sou fason yo pral entegre lide sou Lidèchip ak Zanmitay nan aktivite klèb yo. Gwooup 1: Brase lide sou fason pou pale ak tifi pou konnen kisa sa mande pou yo ta fòme yon òganizasyon lokal pou yo menm tifi yo dirije. Gwooup 2: Brase lide pou klèb tifi ta mete ansanm pou yo òganize yon fwa kominotè. Apre sa yo pral fè prezantasyon pou yo jwenn fidbak bò kote manm Ekip la ak gwo gwooup la.</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an, nou ap baze sou lide pou novo aktivite nan Gid pou Aktivite Klèb Tifi Faz 4, paj 46
10:45 - 11:00	Poz	
11:00 - 12:00	Yon tèm mwen gen kè pou li (avèk fidbak) <i>(Se menntò ki fasilité sesyon an)</i> <i>Brase lide ak travay an gwooup sou objektif pledwaye ki posib e ki ap enspire patisipan pou yo kore pouvwa tifi Opòtinite pou bay fasilitatè a fidbak.</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 3yèm ak 4yèm Ane Nouvo Segondè (Reto ak Filo), Faz 4, paj 9 ²
12:00 - 1:15	Okazyon pou aktivis chak jou (avèk fidbak) <i>(Se menntò ki fasilité sesyon an)</i> <i>Deba sou yon istwa ede dekouvri opòtinite chak aktivis genyen chak jou nan lavi nou pou kreye chanjman Opòtinite pou bay fasilitatè a fidbak</i>	Modil Fòmasyon Faz Aksyon SASA/ "Ankouraje Chanjman Konpòtman," disponib sou: repansepouvwa.org
1:15 - 2:00	Manje	
2:00 - 2:45	Ti komik Jesika No. 3 <i>Menntò fè similasyon ak ti komik Jesika n° 3, yo kapab fasilité li nan klèb tifi.</i> <i>Opòtinite pou bay fasilitatè a fidbak.</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an, sèvi ak: Ti Komik Jesika, Faz 4 paj 57

LÈ	SESYON	REFERANS
2:45 - 3:30	Nouvo lide aktivite pou Finans (avèk prezantasyon) <i>Gwooup fè similasyon tou kout pou demontre kòman yo ap ankouraje paran ede ptit fi ouvè kont labank, ak fason yo pral fasilite tifi nan klèb fè similasyon pou yo aprann lòt tifi sa yo konnen</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an, nou ap baze sou lide pou nouveau aktivite nan Gid pou Aktivite Klèb Tifi Faz 4, paj 48
3:30 - 3:45	Poz	
3:45 - 4:15	Plan Daksyon – Lidèchip ak Zanmitay, Finans <i>Manm Ekip ak menntò fè Plan Daksyon pou fè pratik fasilitasyon oubyen pou entengre lòt sesyon ki te rekòmande nan de (2) dezyèm sijè esansyèl yo.</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an. Gade Gid pou Aktivite Klèb Tifi (Faz 4 paj 46 – 48) pou lòt sesyon ak lide pou nou entegre nan Plan Daksyon
4:15 - 4:30	Evalyasyon ak kloti	
4yèm jou: Sijè esansyèl klèb tifi, 5 ak 6 (Sante Tifi ak Anpeche Vyolans)		
LÈ	SESYON	REFERANS
8:30 – 9:00	Repriz <i>Rezime kreyatif oubyen ki gen vi sou kontni jou anvan an</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
9:00 - 9:30	Repriz objektif aprantisaj pou sijè 5 ak 6, Faz 4 (Sante Tifi ak Anpeche Vyolans) <i>Jwèt ak analiz manm Ekip sou objektif aprantisaj sijè 5 ak 6 klèb tifi</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an. Objektif pou aprantisaj nan Gid pou Aktivite Klèb Tifi, Faz 4, (paj 49 – 50)
9:30 - 10:45	Ti Koze sou Lasante 1 ak 2 Faz 4 (Aksyon) <i>Menntò fasilite de (2) Ti Koze sou lasante Faz 4 sou sijè pou pase alaksyon pou tifi jwi dwa sante yo ak pou tifi ak ti gason jwenn bon enfòmasyon sou koze fè sèks</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an, sèvi ak: Ti Koze sou Lasante Faz 4, paj 61
10:45 - 11:00	Poz	

LÈ	SESYON	REFERANS
11:00 - 12:00	Kijan pou ou aji si ou wè oswa sipèk yon zak vyolans <i>Patisipan fè similasyon nan pratique pouvwa temwen pou entèveni san danje lè moun wè oubyen sisplèk yon zak vyolans</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 3yèm ak 4yèm Ane Nouvo Segondè (Reto ak Filo), Faz 4, paj 4
12:00 - 1:00	Fè pratik ak Afich Faz 4 (Aksyon) <i>Fasilitatè yo fè demonstrasyon ak Afich Faz 4. Apre sa, patisipan yo fè pratik nan ti gwooup</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an, sèvi ak: Afich Faz 4, paj 53
1:00 - 1:45	Manje	
1:45 - 3:00	Teyat No. 1, Faz 4 <i>Manm Ekip bay menntò divès wòl pou yon teyat. Se yon modèl aktivite ki posib pou menntò yo refè nan klèb yo</i>	"Entwodiksyon Teyat" Faz 4, paj 74 ak Teyat no. 1, paj 75
3:00 - 3:15	Poz	
3:15 - 4:15	Plan Daksyon – Sante Tifi ak Anpeche Vyolans <i>Manm Ekip ak menntò fè Plan Daksyon pou fè pratik fasilitasyon oubyen pou entegre lòt sesyon ki te rekòmande nan de (2) dènye sijè esansyèl yo</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an. Pou lòt sesyon/lide ki pou entegre nan Plan Daksyon an, gade Gid pou Aktivite Klèb Tifi, Faz 4, paj 49 – 50
4:15 - fen	Evalyason ak selebrasyon	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an

ANKADREMAN MENNTÒ KLÈB TIFI :

Menntò klèb tifi pral bezwen bon jan kapasite nan pledwaye ak devlopman lidèchip. Se pou yo kapab pase kapasite sa yo bay tifi ki pral gradye nan klèb yo. Nou vle ede menntò genyen konpetans ak konfyans nan devlope objektif klè ki apwopriye pou pledwaye, prepare pwen kle ki pou sèvi kòm gid pou sa nou pral di sou zafè pledwaye anvan gwo rankont oubyen evenman, rankontre ak moun ki se resous pou kominate a, bay tifi sipò pou yo mete sou pye pwòp klèb pa yo (si tifi yo vle fè sa). Tout bagay sa yo kapab ede kreye kondisyon pou travay aktivis kontinye nan kominate a.

Vizit sipò manm Ekip nan klèb yo kapab vin fèt pi souvan tou nan Faz 4. Se yon peryòd kritik pou ranfòsman kapasite ak devlopman lidèchip tifi nan klèb yo. Poutèt sa, menntò yo kapab bezwen plis ankadreman. Pandan vizit yo, manm Ekip la pral kontinye ranpli Fòm pou Rapò

Aktivite ki prezante nan "Kijan Kore Tifi ap mache? Swivi ak Evalyasyon" (Liv Entwodiksyon, paj 46) epi bay menntò yo fidbak ak ankourajman.

Vizit sipò kapab ede manm Ekip la konprann kalite ankadreman menntò yo bezwen nan fen Faz la ak sa tifi yo bezwen pandan yo kòmanse nan travay aktivis yon fason ki endependan. An plis de sa, vizit sa yo se yon gwo chans pou koute tifi epi ede yo travay sou pwòp lide pa yo.

Menm jan ak nan lòt Faz, li enpòtan pou nou byen fè patenarya ankadreman ant manm Ekip avèk menntò, yon fason pou sa pote plis fwi posib.

Kèk opòtinité pou ankadreman nan Faz 4:

- ✖ Rankont yon fwa oubyen de (2) fwa pa mwa avèk tout menntò ansanm pou ranfòsman kapasite, planifikasyon rankont, ak patisipasyon nan sesyon fòmasyon.
- ✖ Fè similasyon sou fason pou abòde kesyon gradyasyon ak jan tifi nan klèb yo ka wè tout aspè pozitif sa pote.
- ✖ Fè similasyon sou fason pou ankouraje lide pou pledwaye tifi yo san nou pa pran lidèchip nan men yo.
- ✖ Travay ansanm pou pèmèt moun ki se resous nan kominate a vin pale ak klèb yo, koute sa tifi yo di, ak/oubyen planifye pwojè sèvis.
- ✖ Mete menntò yo ak tifi ki enterese yo an kontak avèk moun ki se resous plis materyèl pou mete sou pye pwòp klèb pa yo.
- ✖ Ede menntò yo prepare sesyon fòmasyon yo pral genyen pou yo facilite.
- ✖ Prepare pwen kle ki pou sèvi kòm gid pou sa nou pral di sou zafè pledwaye anvan gwo rankont oubyen evenman, epi fè kontrandi apre.
- ✖ Vizit sipò regilye manm Ekip nan chak klèb tifi.
- ✖ Vizit sipò youn a youn avèk menntò.
- ✖ Rankont regilye, enfòmèl ant menntò ki abite pre pou pataje eksperyans ak pase alaksyon ansanm, menm si se san prezans manm Ekip.
- ✖ Ankouraje menntò yo patisipe epi ede tifi patisipe nan fè plan dakson avèk Rezo a, nan lide pou pran an kont nan aksyon yo pèspektiv ak priyrite klèb tifi.

Pwofesè

Pwofesè deklannche chanjman konpòtman ak aksyon elèv pou ekilib pouvwa kounye a ak nan lavni!

OBJEKTIF APRANTISAJ POU FAZ 4:

Asire pwofesè yo genyen konpetans pou sèvi ak kourikoulòm Kore Tifi pou ede elèv yo reyalize rezulta Faz 4, e yo kapab:

- ✖ Bay egzanp yon pouvwa ki ekilibre nan relasyon yo, ant tifi ak ti gason, ak nan entèakson ak manm kominote a.
- ✖ Fasilité kourikoulòm Faz 4 nan matyè ak klas pa yo.
- ✖ Bay elèv referans apwopriye pou yo gen aksè ak resous kominote a.
- ✖ Kolabore ak pwen fokal yo nan tout aksyon ki ap fè pouvwa tifi pran pye nan lekòl la.

FÒMASYON PWOFESÈ

Fòmasyon Faz 4 vize prepare pwofesè 3yèm ak 4yèm Ane Nouvo Segondè (Reto ak Filo) pou yo sèvi ak kourikoulòm Kore Tifi. Fòmasyon an genyen sitou sesyon pratik. Se manm Ekip ki kowòdone fòmasyon an men se pwofesè ki fasilité li. Pwofesè Syans Sosyal, Byoloji, ak Fransè pral kòmanse sèvi ak kourikoulòm Faz 4 Kore Tifi. Pandan tan sa a, Pwofesè 7yèm, 8yèm ak 9yèm Ane fondamantal pral kontinye sèvi nan klas avèk Faz 2 Kourikoulòm nan, e pwofesè 1ye ak 2yèm Ane Nouvo Segondè pral kontinye sèvi nan klas avèk Faz 3 kourikoulòm nan jan yo te fè sa déjà.

Nan kèk lekòl, pwofesè klas sa yo ap menm moun yo. Nan lòt lekòl, yo p ap menm. Pwofesè 1ye ak 2yèm Ane Nouvo Segondè ki ap sèvi avèk Kourikoulòm Kore Tifi pou premye fwa pral bezwen sipò an plis, jan sa prezante nan seksyon pi ba a "Ankadreman Pwofesè". Yo kapab bezwen fè plis pratik tou pase pwofesè ki te déjà travay ak kourikoulòm Faz 2 oubyen Faz 3. (Pou yon esplikasyon sou ki moun ki sèvi ak kourikoulòm nan, gade "Entwodiksyon Kourikoulòm" nan Faz 2, imedyatman anvan liv kourikoulòm yo).

ETAP

Kèk lide ki pou ede nou estriktire fòmasyon pou pwofesè nan Faz 4:

- 1) Distribiye sesyon:** Fè lis tout sesyon ki nan Faz 4 kourikoulòm nan pwofesè bezwen pratike nan chak matyè. Envite pwofesè 3yèm ak 4yèm Ane Nouvo Segondè ki enplike nan pwoesisis la pou yo chwazi ak aprann facilite sesyon espesifik dapre matyè yo anseye. Pwen fokal yo kapab bay manm Ekip la sipò nan planifikasyon epi ede chwazi sesyon ki pi apwopriye pou pwofesè yo ak kontèks la an jeneral. Ekri non chak pwofesè ak chak sesyon pwofesè a reskonsab pou li facilite. Asire tout sesyon enpòtan yo parèt nan kalandriye e pwofesè pral facilite yo oubyen manm Ekip la pral prezante yo.
- 2) Devlope ajennda pou fòmasyon:** Negosye ak chak gwoup pwofesè pou jwenn dat k ap pi bon pou yo konsakre yon demi-jounen oubyen yon jounen pou yo pratike sesyon yo. Baze sou rezulta ki soti nan negosyasyon dat ak pwofesè yo, devlope yon ajennda fòmasyon pou chak gwoup dapre lis nou te kreye nan premye etap la. Li enpòtan pou nou mete yon sesyon entwodiksyon sou kourikoulòm nan an jeneral e se manm Ekip ki pou facilite li. Pou bay egzanp, manm Ekip la ap facilite pou pi piti yon sesyon nan kourikoulòm nan tou. Nou kapab bezwen planifye plizyè demi-jounen oswa jounen pou pwofesè chak matyè jwenn chans fè pratik nan facilite sesyon ak aprann kontni ki mache ak sesyon yo. Pataje ajennda pou fòmasyon an alavans avèk pwofesè, pwen fokal.

- 3) **Bay pwofesè sipò youn a youn pou fè preparasyon.** Li enpòtan pou manm ekip la ede pwofesè yo konprann kijan liv kourikoulòm nan ak gid pou sesyon yo mache, fason pou yo sèvi avèk liv plis gid pou prepare sesyon. Manm Ekip kapab rankontre ak pwofesè youn a youn pou regade sesyon espesifik avèk yo, eslike yo fason pou yo sèvi avèk gid pou sesyon yo epi asire yo genyen ase konpreyansyon ak materyèl nesesè pou yo fasilite sesyon yo genyen.
- 4) **Prepare lojistik pou fè pratik ak sesyon.** Asire nou genyen lokal, materyèl, founiti ak manm Ekip pou bay sipò ki nesesè pou nou fè sesyon pratik.
- 5) **Pratike sesyon an gwoup.** Envite pwofesè chak gwoup vin fè pratik ak sesyon yo dapre kalandriye ki te tabli a. Mete aksan sou wòl kapital pwofesè jwe nan pwosesis chanjman elèv. Nou kapab swiv ajennda a pou nou bay chak pwofesè opòtinite pou fè pratik ak sesyon li te genyen. Lòt pwofesè ak manm Ekip la ki nan sal la pral jwe wòl elèv pou repwodwi anviwonman yon sal klas nòmal. Apre chak sesyon, asire nou kite opòtinite pou patisipan bay fasilitatè a ankourajman ak fidbak. Asire nou bay fidbak ki konstriktif pandan nou ap demonstre respè pou chak pwofesè ak onè pou eksperyans yo. Nou kapab mande yo reflechi tou sou adaptasyon ki kapab nesesè pou konfigirasyon sal klas yo travay. Mande pwofesè yo brase lide oubyen fè similasyon, si sa nesesè, sou fason yo ta chwazi pou yo evalye sa elèv aprann nan chak sesyon.

Asire pwofesè yo byen prepare pou yo fasilite sesyon yo nan klas yo!

Gade devan

Yon lekòl kapab kontinye itilize kourikoulòm Kore Tifi apre sik Kore Tifi nan yon kominate. Ak kourikoulòm nan, jèn yo ap entwodwi nan valè kominate a sou pouvwa eklibre kòm yon pati esansyèl nan aprantisaj ak chanjman pozitif ki pran rasin nan lekòl ak nan kominate a.

ANKADREMAN PWOFESÈ

Li kapab itil, nan kòmansman Faz 4 la, pou nou reevalye patenarya pou ankadreman ki te fêt avèk pwofesè yo (ki manm Ekip k ap ankadre ki pwofesè). Pwofesè ki bezwen plis sipò kapab sila yo ki nouvo nan pwosesis la (3yèm ak 4yèm Ane Nouvo Segondè) oubyen se kapab pwofesè ki te deja enplike nan pwosesis la. Fè tout ajisteman ki nesesè pou genyen ankadrè ki pi byen reponn bezwen pwofesè yo epi, asire manm Ekip (oubyen pwen fokal) konnen kiyès yo reskonsab pou ankadre nan Faz sa a. Ankadreman pwofesè ki nouvo nan pwosesis la pral chita sou ranfòsman kapasite pou yo: fasilite kourikoulòm nan, kore chanjman elèv yo, ak kreye yon anviwonman pozitif nan lekòl. An menm tan, manm Ekip ak pwen fokal kòmanse angaje pwofesè nan defini objektif pou pledwaye ak lòt aktivite nan gwo pwosesis chanjman lekòl la.

Kèk opòtinite pou ankadreman nan Faz 4:

- * Vizit sipò regilye manm Ekip (pafwa pwen fokal) nan sal klas lè pwofesè ap facilite sesyon nan kourikoulòm Kore Tifi. Remak: Se pi gwo fòm ankadreman pou pwofesè yo.
- * Travay ansanm pou pèmèt moun ki se resous nan kominate a vin pale ak elèv yo, oubyen planifye pwojè sèvis (gade kourikoulòm Syans Sosyal 3yèm ak 4yèm Ane Nouvo Segondè, paj 18 ak kourikoulòm Biyoloji 3yèm ak 4yèm Ane Nouvo Segondè, paj 4 ak paj 12).
- * Bay pwofesè yo ankourajman pou yo patisipe nan aktivite pwen fokal ap fè nan lekòl.
- * Ankouraje pwofesè yo patisipe nan fè plan dakson avèk Rezo a, nan lide pou pran an kont nan aksyon yo pèspektiv ak priyorite klèb tifi.
- * Vizite pwofesè lakay yo, lè sa apwopriye, pou ede pote sijè yo nan yon nivo refleksyon ki pi fon e ki plis pèsonèl.



Pwen fokal nan lekòl

Pwen fokal ede chofe chanjman pozitif epi fè chanjman sa yo pran rasin nan mak fabrik lekòl la, konsa yo kreye yon anviwonman pozitif pou aprantisaj pou jenerasyon k ap monte yo!

OBJEKTIF APRANTISAJ POU FAZ 4:

Asire pwen fokal yo genyen konpetans pou yo fè tout aktè ki enplike nan lekòl reyalize rezulta Faz 4 yo, e yo kapab:

- * Esplike paran ak manm kominote a aktivite Faz 4 Kore Tifi yo.
- * Bay elèv bon jan referans pou yo gen aksè ak resous kominote a.
- * Bay egzanz yon pouvwa ki ekilibre nan relasyon yo, ant tifi ak ti gason, ak nan entèakson ak manm kominote a.
- * Defini objektif klè ki apwopriye pou pledwaye e ki mete vwa ak pèspektiv tifi kòm foto mitan nan rezulta yo ap chèche.
- * Chwazi ak fasilité tout aktivite mobilizasyon kominotè Faz 4.
- * Si gen bezwen, fè pledwaye pou ranfòse pwosedi nan lekòl pou fè swivi sou tout ka abi seksyèl ki rapòte.
- * Pase alaksyon pou bay sipò ak elèv, manm pèsonèl lekòl ki ap eseye balanse pouvwa yo nan relasyon yo ak nan kominote a.
- * (Si gen bezwen) Mete sou pye klèb tifi nan lekòl la oubyen nan kominote a.

FÒMASYON PWEN FOKAL

An plis aktivite regilye Kore Tifi, pwen fokal kòmanse defini objektif pledwaye pou lekòl la nan Faz 4 epi yo pase alaksyon! Yo travay avèk pwofesè, manm direksyon lekòl, elèv, manm pèsonèl lekòl ak lòt pou fè chanjman yo fòmèl nan lekòl la. Li kapab itil pou nou envite pwen fokal yo patisiye nan fòmasyon Faz 4 ki fèt pou AK ak manm GAK. Si sa pa posib, kèk sesyon fòmasyon kapab fèt pandan rankont regilye yo. Sèvi ak nenpòt kontni nou kwè ki ap ede pwen fokal yo reyalize travay yo pi byen nan Faz 4 (gade kontni ki nan Modèl ajennda dokiman sa a).

ANKADREMAN PWEN FOKAL

Rankont chak mwa, se toujou pi gwo aktivite ankadreman pou pwen fokal yo, nan Faz 4. Rankont sa yo bay opòtinite pou fè pratik ak materyèl mobilizasyon kominotè Faz 4, pataje eksperyans, kreye bon jan kontak ak lidè lekòl pou genyen kalandriye aktivite pou mwa k ap vini yo. Kòm pwen fokal yo pral angaje nan nouvo efò pou fè ak fòmalize chanjman yo, tankou monte klèb tifi nan lekòl, amelyore pwosedi lekòl la, defini objektif pledwaye, nou kapab swete fè rankont pi souvan avèk yo epi ba yo konsèy ki pou ede yo prepare tèt yo pou wòl sa yo.

Kèk opòtinite pou ankadreman an plis rankont pwen fokal, nan Faz 4:

- * Vizit sipò manm Ekip nan aktivite pwen fokal yo.
- * Fè similasyon sou fason pou abòde kesyon gradyasyon pou aktè nan lekòl ka wè tout aspè pozitif gradyasyon an.
- * Fè similasyon sou fason pou ankouraje lide pou pledwaye tifi yo ak elèv yo san nou pa pran lidèchip nan men yo.
- * Ankouraje pwen fokal yo patisipe nan fè plan dakson avèk Rezo a, nan lide pou pran an kont nan aksyon yo pèspektiv ak priyorite klèb tifi.
- * Prepare pwen kle ki pou sèvi kòm gid pou sa nou pral di sou zafè pledwaye anvan gwo rankont oubyen evenman, epi fè kontrandi apre.
- * Vizite pwen fokal lakay yo, lè sa apwopriye, pou ede pote sijè yo nan yon nivo refleksyon ki pi fon e ki plis pèsònèl.
- * Kontinye kreye opòtinite pou amizman, echanj, bon konprann, ak bon relasyon pami manm Rezo a pandan yo reyalize moman ki konfòm pou chanjman!

Lè pou gradyasyon!

Aktivite fòmasyon ak ankadreman ki prezante nan dokiman sa a, yo enpòtan pandan tout dewoulamn Faz 4 la! Sonje analize pwogrè nou ap fè regilyèman pandan nou ap pote atansyon sou objektif aprantisaj chak gwoup, ak Rezulta Faz 4 yo. Nan fen Faz sa a, (jan sa detèmine nan swivi ak evalyasyon), nou pral pare pou nou fè seremoni gradyasyon epi pase mayèt travay aktivis la fòmèlman bay kominote a pou kontinye ranfòse pouvwa tifi! (Gade "Faz 4 Pazapa," paj 4, pou konsèy). Konpliman!

Nòt

1. MICHAU, L., SIEBERT, S. & DESSABLES, J.L. (2014). *SASA! Yon Gid Aktivis pou Anpeche Vyolans sou Fanm epi VIH/SIDA*. Depo Legal 11-02-088. Port-au-Prince, ki se yon adaptasyon: Raising Voices (2008). *SASA! An Activist Kit for Preventing Violence against Women and HIV*. Kampala: Raising Voices.
2. Adapte anpil soti nan lide oriijinal IPPF (2012). *It's All One, Book 2: Activities*, paj 173-175. Tire sou: http://www.popcouncil.org/uploads/pdfs/2011PGY_ItsAllOneActivities_en.pdf nan dat 28 Oktob, 2016.
3. Adapte apati materyèl USAID (2009). *Doorways III Teacher Training Manual on school related gender based violence prevention and response*. Tire sou: http://pdf.usaid.gov/pdf_docs/Pnado243.pdf nan dat 28 Oktob, 2016.

GID AKTIVITE POU KLÈB TIFI FAZ 4 (AKSYON)




Nan Faz 1, 2 ak 3, Klèb Tifi yo ak Menntò yo te devlope konesans yo, chanje kwayans yo epi devlope kèk kapasite pou ranfòse pouvwa tifi. Dokiman sa a fèt pou ede Ekip Kore Tifi ak Menntò yo chwazi aktivite ki pi apwopriye pou klèb yo nan Faz 4 (Aksyon). Sonje klèb tifi ak pwosesis mobilizasyon kominotè nan Faz 4 ap ede tifi yo atenn rezulta sa yo:

Rezulta: Tifi rapòte chanjman sa yo nan **konpòtman** pa yo ak pa lòt tifi:

- * Pataje travay nan kay egal-ego avèk ti gason.
- * Pouvwa ekilibre ant ti gason ak tifi nan kay la (egzanp: yo genyen menm kantite tan pou etidye, jwe menm jan avèk ti gason; yo genyen menm dwa ak reskonsabilite avèk ti gason, elatriye).
- * Santi ti gason respekte yo.
- * Selon laj ak matirite yo, yo pran desizyon sou pwòp lavi yo (egzanp: relasyon yo devlope, kò yo, lajan yo elatriye).
- * Santi yo an sekirite lakay yo, nan lekòl ak lòt kote nan kominate a.
- * Antre lekòl (nan laj nòmal).
- * Patisipe regilyèman nan aktivite kominate a (klèb, gwoup, aktivite legliz, espò elatriye).
- * Pase alaksyon pou anpeche vyolans nan kominate a.
- * Pa fè bagay ni sèvi ak kò yo pou yo peye lekòl, jwenn lajan oubyen lòt favè/kado.

Pou ede tifi yo reyalize rezulta sa yo, nou pral fè divès aktivite avèk yo. Aktivite sa yo toujou baze sou menm sis (6) sijè prensipal pou aktivite nan Faz 2 ak 3 a ki se:

- * Pouvwa
 - * Kominikasyon
 - * Lidèchip ak Zanmitay (*Remak: sa genyen ladan li presyon zanmi ak estim pou pwòp tèt ou*)
 - * Finans
 - * Sante tifi
 - * Vyolans
- 

Dokiman sa a prezante sa nou ta renmen tifi yo aprann sou chak sijè nan Faz 4, ansanm avèk aktivite ki kapab ede yo rive la. Nou kapab jwenn aktivite yo swa nan dokiman Kore Tifi oubyen nan lòt resous nou site e ki disponib sou entènèt.

Kòm aktivite ki nan Faz 4 baze sou sa ki te fèt nan Faz anvan yo, li yon ti kras twò ta pou nou envite oswa aksepte nouvo patisipan nan klèb yo. Fokis Faz sa a se pèmèt tifi ki te ranfòse pouvwa yo poze aksyon pou ede lòt tifi. Konsa, lè klèb sa yo fèmen apre patisipan yo fin gradye, tifi sa yo kapab mete sou pye lòt klèb kote yo jwe wòl menntò. Lòt aktè ki fè entèvansyon pou ranfòse pouvwa tifi nan kominote a kapab pwopoze kreye opòtinite pou lanse lòt klèb tifi tou. Tifi ki gradye nan klèb yo kapab menntò oubyen resous ki pi kalifye pou ede aktè sa yo.

Se menntò yo ak Ekip Kore Tifi ki pou deside ki aktivite nan chak sijè ki ap pi konfòm pou ede tifi yo devlope atou ak reyalize rezulta, nan chak klèb e pou chak Faz. Nan Faz 4, li esansyèl pou nou enspire tifi pou yo poze aksyon, pran wòl lidèchip ak idantifye objektif yo vle atenn apati pledwaye nan kominote yo. Sonje gen aktivite ki pi apwopriye pou tifi 10 – 14 lane, pandan genyen lòt ki pi byen mache pou tifi 15 – 19 lane. Nou konnen tifi nan klèb yo, nou kapab chwazi ki aktivite ki pi konfòm pou chak klèb nou yo!


Nan chwazi aktivite yo, toujou sonje:

- * Fè aktivite yo fason pou yo genyen vi ak pou tifi yo ankouraje patisipe, konsa yo pral toujou vle vini nan klèb yo;
- * Kontinye angaje paran yo ak lòt moun nan kominote a pou yo toujou ankouraje patisipasyon tifi nan klèb yo;
- * Byen analize aktivite yo anvan nou chwazi, se pou nou kapab asire yo konfòm avèk klèb nou.

Lè n ap chwazi aktivite, menntò yo kapab vle refè egzèsis sou atou ki enpòtan pou tifi yo nou te fè nan Faz 1. Se pou nou kapab asire nou rezulta yo ajou pou priyorite aktyèl yo plis reyalite tifi nan klèb yo. Pou yon rafrechi memwa sou fason pou nou fè aktivite sa a, gade Faz 1 Kore Tifi (paj 40).

Resous ki enpòtan pou klèb tifi an Ayiti

Kontni ki la pou klèb tifi toujou ap ogmante gras ak òganizasyon k ap kreye nouvo zouti chak jou. Si nan youn nan sijè yo nou santi tifi yo pa reyalize rezulta Faz 4, oubyen yo pa rive devlope atou yo bezwen yo, nou kapab jwenn lòt aktivite an kreyòl oubyen an fransè! Konsilte kourikoulòm Rezo Aksyon Pou Fi Ayisyen (HAGN) sou www.haitigirlsnetwork.org/trainingmaterials2016 oubyen paj resous Pwogram Repanse Pouvwa Beyond Borders pou aktivite klèb tifi sou www.repansepouvwa.org. Paj sa a ajou chak fwa nouvo zouti ak resous vin disponib.



Sonje! Itilizasyon kourikoulòm Kore Tifi nan Klèb Tifi

Anpil sesyon nan kourikoulòm Kore Tifi pou lekòl kapab itil nan klèb tifi. Sonje: genyen kèk bagay nou kapab fè pou asire sesyon yo byen adapte. Premyèman, pa okipe seksyon ki sijere tranzisyon pou antre ak soti nan tèks ki nan liv lekòl. Jis lanse sesyon yo apati seksyon "Etap". Dezyèmman, nou kapab bezwen fè kèk ti chanjman onivo langaj pandan nou ap mennen sesyon yo tankou, rele tifi yo patisipan olye elèv. Avèk kèk ti ajisteman tou piti, yon bonkou nan materyèl rich sa a byen adapte pou klèb tifi, e li fasil pou nou jwenn nan Kore Tifi.

Sijè 1: Pouwva

Pandan n ap vanse sou ranfòsman pouwva tifi nan kominote a, li itil pou tifi yo chanje konpòtman epi pase alaksyon pou yo kapab sèvi ak pouwva yo pou ede lòt tifi ranfòse pouwva pa yo. Tifi yo kapab sèvi ak kapasite yo devlope nan klèb yo, lakay yo, nan pataj eksperyans ak fè solidarite antre yo pandan yo ap fè chanjman nan pwòp lavi yo ak kominote yo. Nan Faz 4, menntò yo kapab ede tifi nan klèb yo chanje konpòtman pi ba yo ki gen rapò ak sijè pouwva:

Nan Faz 4, menntò yo kapab ede tifi nan klèb yo devlope kapasite pi ba yo ki gen rapò ak pouwva:

- * Pratike balans pouwva lakay yo.
- * Pran desizyon pou tèt yo, selon laj yo.
- * Kontinye ale lekòl oubyen antre lekòl.
- * Poze aksyon ki ede lòt tifi ranfòse pouwva yo.

AKTIVITE NOU REKÒMANDE:

Aktivite sa yo kapab sèvi pou ede chanje konpòtman ak ankouraje travay aktivis sou pouwva tifi:

- * Ti Pale ak Paran 1 ak 2 (gade Faz 4 paj 88 ak 90), plis Ti Pale pou Paran ak Ptit yo: Pouwva Temwen (paj 92). Remak: Menntò yo kapab patisipe nan Ti Pale ak Paran 1 ak 2, e apati de sa, aprann fasilite Ti Pale pou Paran ak Ptit yo: Pouwva Temwen.
- * Ti Pale ak Paran 5 ak 6 (gade Faz 4 paj 98 ak 100), plis Ti Pale pou Paran ak Ptit yo: Ann lite pou gen pi bon edikasyon ak lòt resous pou jèn fi! (paj 102). Remak: Menntò yo kapab patisipe nan Ti Pale ak Paran 5 ak 6, e apati de sa, aprann fasilite Ti Pale pou Paran ak Ptit yo: Ann lite pou gen pi bon edikasyon ak lòt resous pou jèn fi!
- * Reklame Pouwva w (gade Faz Aksyon SASA!, Modil fòmasyon Ankouraje Chanjman Konpòtman, repansepouwva.org)



Sijè 2: Kominikasyon

Nan Faz 4, tifi yo kontinye pratike kapasite kominikasyon devan divès gwoup moun pandan yo ap poze aksyon pou chanjman nan kominote yo. Kontinye mande tifi yo fasilité sesyon nan klèb yo, fè moderasyon nan divès aktivite. Kreye opòtinite pou tifi yo pran lapawòl devan divès gwoup moun e, kreye opòtinite, kote sa posib, pou lòt moun nan kominote a koute tifi yo. Nan Faz 4, menntò yo kapab ede tifi yo devlope kapasite kominikasyon sa yo:

AKTIVITE NOU REKÒMANDE:


Aktivite sa yo kapab sèvi pou ede chanje konpòtman ak ankouraje travay aktivis sou kominikasyon:

- * Ti Pale ak Paran 3 ak 4 (gade Kore Tifi paj 93 ak 95), plis Ti Pale pou Paran ak Ptit yo: Tifi gen fòs pou pale pou kominote a tanden! (paj 97). *Remak: Menntò yo kapab patisipe nan Ti Pale ak Paran 3 ak 4, e apati de sa, aprann fasilité Ti Pale pou Paran ak Ptit yo: Tifi gen fòs pou pale pou kominote a tanden!*
- * Nouvo lide pou aktivite: Fè sesyon pratik avèk tifi yo sou fason pou yo pale an piblik, devan gwoup moun.
- * Nouvo lide pou aktivite: Ede tifi yo ekri pwen yo vle diskite sou yon bagay yo vle chanje nan kominote a epi, aprann yo fason pou yo kominiye avèk yon moun ki nan pozisyon pouvwa. Fè similasyon kote yo avanse pwen sa yo pandan lòt tifi ap jwe wòl moun ki nan pozisyon pouvwa. Ankouraje yo al rankontre lòt moun, mete an pratik sa yo te aprann nan similasyon yo. Pa egzanp:
 - * Fason pou mande direksyon lekòl ak lidè kominotè pou rekonèt dwa tifi.
 - * Fason pou lanse yon sijè ki enpòtan pou tifi nan yon rankont kominotè.



Sijè 3: Lidèchip ak Zanmitay

Anvan Faz 4, jeneralman tifi yo deja devlope bon jan kalte amitye, e yo te deja devlope kèk kapasite de baz sou lidèchip. Nan Faz 4, yo kòmanse mete an pratik kapasite lidèchip yo te devlope yo, epi travay ak rezo zanmi yo pou poze aksyon. Aksyon sa yo kapab fèt nan pwòp lavi yo, se kapab tou chanjman yo pèmèt ki fèt nan lavi lòt tifi ki kapab poko benefisyé fòmasyon ak ankadreman klèb tifi. Tifi yo patispe regilyèman nan aktivite kominate yo (klèb, gwoup, aktivite legliz, espò, elatriye) e yo sèvi ak enfliyans yo pou espas sa yo vin pi an sekirite pou tifi pandan yo ap ankouraje lòt moun nan espas sa yo travay pou pouvwa tifi pran plis pye nan kominate a. Genyen anpil aktivite sou sijè lidèchip ak zanmitay nan Faz 4 paske se yon peryòd pou tifi fè eksplorasyon sou lidèchip ak travay aktivis tifi!



Aktivite nou rekòmande:

Aktivite sa yo kapab sèvi pou ede chanje konpòtman ak ankouraje travay aktivis sou lidèchip ak zanmitay:

- * Yon tèm m gen kè pou li (gade kourikoulòm Syans Sosyal Kore Tifi 3yèm ak 4yèm Ane Nouvo Segondè, (Faz 4 paj 9).

- * Divès apwòch nan travay aktivis (gade kourikoulòm Syans Sosyal Kore Tifi 3yèm ak 4yèm Ane Nouvo Segondè, (Faz 4 paj 14).
- * Pwojè sèvis anndan kominote a (gade kourikoulòm Syans Sosyal Kore Tifi 3yèm ak 4yèm Ane Nouvo Segondè, (Faz 4 paj 18).
- * Okazyon pou aktivis chak jou (gade Faz Aksyon *SASA!*, Modil fòmasyon Ankouraje Chanjman Konpòtman, repansepouvwa.org)
- * Plan Daksyon Pazapa (gade Faz Aksyon *SASA!*, Modil fòmasyon Ankouraje Chanjman Konpòtman, repansepouvwa.org)
- * Motivasyon ak baryè nan travay aktivis (gade Faz Aksyon *SASA!*, Modil fòmasyon Ankouraje Chanjman Konpòtman, repansepouvwa.org)
- * Nouvo lide pou aktivite: Mande tifi envite lòt tifi nan katye yo vin patisipe nan klèb yo ap monte!
- * Nouvo lide pou aktivite: Brase lide ak tifi yo pou yo ta ka mete klèb yo nan yon lòt nivo, ak sa ki nesesè pou yo monte ak dirije yon òganizasyon lokal.
- * Nouvo lide pou aktivite: Mande klèb tifi yo pou yo mete ansanm pou òganize yon fwa kominotè kote yo vann kèk bagay klèb yo te resevwa kòm don oubyen sa tifi yo pwodwi. Apre sa, sèvi ak lajan yo rantre pou peye frè lekòl yo oubyen frè lekòl tifi ki genyen mwens pouvwa nan kominote a.



Sijè 4: Finans

Tifi yo gen tan devlope kapasite sou kesyon bidjè ak fason pou yo jwenn sa yo bezwen san yo pa sèvi ak kò yo ni fè bagay pou sa. Tifi yo kapab mete kapasite sa yo an pratik pou tèt yo. Epitou, yo kapab aprann lòt tifi fason pou yo genyen plis otonomi nan zafè finans pandan y ap grandi ak fason pou yo jwenn sipò kominote yo. Toujou nan tèt kole ak menntò plis granmoun yo fè konfyans, tifi nan klèb yo kapab pran etap ki apwopriye ak laj yo pou yo vin otonòm nan zafè finans tou.




AKTIVITE NOU REKÒMANDE:

Aktivite sa yo kapab sèvi pou ede chanje konpòtman ak ankouraje travay aktivis nan zafè finans:

- * Ti Komik Jesika No. 3 (gade Faz paj 57).
Remak: Resous sa a site pou sijè vyolans tou. Sa kapab pran 2 sesyon pou tout klèb la selon diskisyon yo.
- * Nouvo lide pou aktivite: Mande "Gwoup Fam Solidè" nan zafè finans tankou gwoup ki patisipe nan mikwokredi, ki nan koperativ kès popilè ak lòt vin troke lide ak tifi yo.
- * Nouvo lide pou aktivite: Mennen tifi yo ansanm ak paran yo al ouvè kont labank pou tifi yo.
- * Nouvo lide pou aktivite: Mande tifi yo mete klèb sou pye kote yo fè fòmasyon pou lòt tifi nan domèn planifikasyon finans ak fason pou yo fè lajan san yo pa fè bagay ak moun oubyen sèvi ak kò yo. Ede yo mete sesyon sou edikasyon finans, jesyon finans, fòmasyon pwofesyonèl, fòmasyon sou fè biznis, kredi ak epay.

Sijè 5: Sante Tifi

Nan Faz 4, tifi kontinye ranfòse travay aktivis yo nan patisipe nan òganizasyon ak pwojè ki ap bay sante tifi jarèt nan kominote a. Yo reflechi ak diskite sou kèk lide e yo poze aksyon, swa pou kont yo oubyen an gwooup, pou tout timoun nan kominote a gen plis posibilite pou jwenn enfòmasyon ak sèvis yo bezwen nan zafè sante.



AKTIVITE NOU REKÒMANDE:

Aktivite sa yo kapab sèvi pou ede chanje konpòtman ak ankouraje travay aktivis sou sante tifi:

- * Ti Komik Natali No. 3 (gade Faz 4 paj 59).
- * Ti Koze sou Lasante 1-3 sou sijè pase alaksyon pou tifi jwi dwa lasante yo (Ti Koze sou Lasante 1 ak 3) ak bay tifi ak ti gason bon enfòmasyon sou kesyon fè bagay (Ti Koze sou Lasante 2). Genyen yon Ti Koze sou Lasante an plis nan Faz 4 tou, sou sijè sètifikasi medikal gratis pou fi ki sibi vyołans. *Remak: Nou kapab fè yon Ti Pale chak sesyon pandan 4 sesyon ansanm avèk lòt aktivite. Oubyen envite yon pwofesyonèl lasante vin pale ak klèb la pou antre pi fon nan sijè yo. (Gade Faz 4 paj 61).*
- * Pale ak yon ekspè (gade kourikoulòm Biyoloji 3yèm ak 4yèm Ane Nouvo Segondè, Faz 4 paj 4).
- * Òganizasyon ak enstans an aksyon (gade kourikoulòm Biyoloji Kore Tifi 3yèm ak 4yèm Ane Nouvo Segondè, Faz 4 paj 8).
- * Pwojè Sèvis (gade kourikoulòm Biyoloji Kore Tifi 3yèm ak 4yèm Ane Nouvo Segondè, Faz 4 paj 12).
- * Nouvo lide pou aktivite: Tifi kapab mete sou pye klèb tifi bò lakay yo pou fè fòmasyon pou lòt tifi sou kò yo, sou kèk konpetans pou lavi yo nan zafè sante ak dwa.



Sijè 6: Vyolans

Jiskela, tout efò ki fèt ak metodoloji Kore Tifi a, se avèk espwa pou ede tifi yo santi yo an sekirite lakay yo, nan lekòl yo ak nan lòt espas nan kominote a. Kòm kounye a tifi yo genyen kapasite pou yo ede lòt tifi, li lè pou yo pase alaksyon, epi kanpe an kwa kont vyolans nan kominote a.



AKTIVITE NOU REKÒMANDE:

Aktivite sa yo kapab sèvi pou ede chanje konpòtman ak ankouraje travay aktivis pou anpeche vyolans:

- * Afich Faz 4 (Aksyon) (gade Faz 4 paj 53).

Remak: Sa kapab pran 2 sesyon pou tout klèb la, selon diskisyon yo.

- * Ti Komik Jesika No. 3 (gade Faz 4 paj 57).

Remak: Resous sa site pou sijè Finans tou. Sa kapab pran 2 sesyon pou tout klèb la, selon diskisyon yo.

- * Teyat Faz 4 (gade Faz 4 paj 74).

Remak: Genyen twa ti teyat tou kout pou Faz 4. Tifi aprann jwe toule twa epi antre nan kesyon pou brase lide yo, sa kapab pran 2 – 3 sesyon pou tout klèb la selon diskisyon yo.

- * Kijan pou ou aji si ou wè oubyen sisplèk yon zak vyolans (gade kourikoulòm Syans Sosyal 3yèm ak 4yèm Ane Nouvo Segondè, (Faz 4 paj 4).

- * Nouvo lide pou aktivite: Envite tifi yo brase lide sou yon sijè pledwaye pou ogmante travay pou anpeche vyolans, oubyen sèvis pou fi ki sibi vyolans nan kominote a, epi pran tèt yon jefò pou travay aktivis fèt nan kominote a. Bay lide a jarèt epi ede yo pran lidèchip pou fè chanjman. Egzanp sijè pou travay aktivis dwe pèmèt tout tifi gen aksè (sa ki gen pi piti pouvwa ladan li) nan:

✳ Resous kominotè lè gen pwoblèm, tankou yon espas san danje kote tifi kapab dòmi; aksè pou fè tès VIH, pou jwenn enfòmasyon/edikasyon sou kesyon planin; sipò pou tifi ki sibi vyolans, sèvis legal elatriye.

✳ Espas san danje pou tifi rankontre, pou yo travay.

✳ Lòt resous kominotè ki ouvè pòt sou dwa sosyal, fizik ak finans.

Kilè tifi yo pare pou yo gradye (epi mete sou pye pwòp klèb yo)?

Faz 4 se tankou preparasyon tifi yo pou yo mete pouvwa yo an aksyon kòm ajan chanjman otonòm! Nan fen Faz 1, tifi yo pral gradye pou kite menntò klèb yo. Kèk tifi kapab mete klèb tifi sou pye apati pwòp inisyativ yo. Oubyen tou kèk kapab angaje tèt yo nan lòt aksyon pou ede ranfòse pouvwa tifi nan kominate a. Asire nou ede tifi yo kenbe lavwaochapit yo nan pi gwo Rezo a epi konekte avèk efò ki egziste pou ranfòse pouvwa tifi nan kominate a. Yon seremoni gradyasyon sou wout ...


Konpliman! Li lè pou nou selebre!

Resous


MICHAU, L., SIEBERT, S. & Dessables, J.L. (2014). *SASA! Yon Gid Aktivis pou Anpeche Vyolans sou Fanm epi VIH/SIDA*. Depo Legal 11-02-088. Port-au-Prince, ki se yon adaptasyon: Raising Voices (2008). *SASA! An Activist Kit for Preventing Violence against Women and HIV*. Kampala: Raising Voices.



MATERYÈL MOBILIZASYON KOMINOTÈ



AFICH FAZ 4 (AKSYON)



Koutje sou Afich Faz 4 (Aksyon):


Faz 4 Kore Tifi genyen yon Afich ki pèmèt nou brase lide an gwoup. Afich la genyen imaj ak kesyon ki mache avèk kontni Faz la. Tout manm Rezo Kore Tifi kapab sèvi avèk Afich la. Aktivis kominotè kapab sèvi avèk li nan aktivite ak manm kominote yo, menntò nan klèb tifi, pwen fokal nan lekòl.

Kontinye sèvi avèk Afich Faz 4 a jan nou te fè sa nan lòt faz yo, avèk menm gwoup moun yo, nan menm kalte espas yo. Baze dyalòg yo sou kesyon epi kite yo ouvè. Si nou bezwen yon rafrechi memwa sou fason pou nou sèvi avèk Afich Faz 4 (Aksyon), gade enfòmasyon sou sa nan "Koutje sou Afich Faz 1" (Faz 1, paj 111).


Kisa n ap fè pou fi yo ka jwenn pouvwa yo ?



1.




2.



3.



4.



5.



6.



7.



8.




9.



Kesyon pou brase lide

Aksyon

- Kisa nou wè k ap pase nan imaj sa yo ?
- Nan afich sa a, nou wè moun k ap travay pou anpeche vyolans sou fanm ak tifi. Èske nou konn wè sa fèt nan kominote nou an ?
- Ki aksyon nou wè ki dwe fèt pou tifi yo jwenn pouvwa yo anndan kominote a ?
- Nan aksyon ki fèt pou fanm, kijan nou kapab asire tifi ap benefisyé ladan yo tou ?
- Nan aksyon ki fèt pou timoun, kijan nou kapab asire tifi ap benefisyé ladan yo tou ?
- Ki lòt bagay moun nan kominote a ta ka fè pou anpeche vyolans sou tifi yo, epi ede yo jwenn pouvwa yo anndan kominote a ?
- Anplis de gress moun k ap travay pou anpeche vyolans sou tifi, kisa enstitisyon yo kapab fè yo menm ? Pa egzanp, kisa sant sante yo ta ka fè ? Legliz yo ? Peristil yo ? Lekòl yo ? Òganizasyon kominotè yo ? Estasyon radyo yo ? Lajistis ? Biznis yo ? Ki enstitisyon ki ta ka fè kichoy ?



Nòt sou imaj pou fasilitatè

1. Gwo upman pou tifi ak jèn fi kote yo alèz pou pale san gason oswa lòt moun pa mele
2. Lekòl mete regleman kont abi
3. Gwo upman pwoteksyon timoun fè entèvansyon sou ka rèstavèk
4. Fanm nan tout kalte pwofesyon ankouraje jèn fi pran lidèchip, epi gason apresye lidèchip fanm
5. Fòmasyon timoun sou kò fanm ak gason nan lekòl ak kominote a pou anpeche VIH/SIDA, IST, gwosès
6. Mèt biznis nan kominote a ofri kou pou jèn fi aprann jere lajan
7. Pledwaye pou lwa ki entèdi ensès aklè, epi pou kore tifi
8. Gwo upman kominotè òganize yon tèt ansanm pou pèmèt tout tifi nan kominote a ale lekòl
9. Moun ap tande sa tifi ap mande/pwopoze nan rankont kominotè



TI KOMIK



Koutje sou Ti Komik Jesika ak Natali, Faz 4 (Aksyon):

Istwa Jesika ak Natali ap kontinye nan Ti Komik Faz 4.

Nan Ti Komik yo, nou itilize imaj ak tèks. Se yon fason pou pifò moun nan kominote a kapab enterese avèk yo. Nan fen chak Ti Komik, genyen kesyon pou brase lide. Kesyon sa yo dwe fasilité dyalòg kominotè. Aktivis kominotè kapab sèvi avèk Ti Komik nan aktivite ak manm kominote yo, menntò nan klèb tifi, pwen fokal nan lekòl.

Si nou bezwen yon rafrechi memwa sou fason pou nou sèvi avèk Ti Komik yo, gade enfòmasyon sou sa nan "Koutje sou Ti Komik" ki nan materyèl mobilizasyon kominotè pou Faz 2.

Istwa Jesika # 3

Aksyon

MEN SA K TE RIVE NAN PREMYE TI KOMIK JESIKA... TOUT MOUN TE DI JESIKA TE FET AK TOUT BYEN LI, MEN SA TE BAY GWO PWOBLEM LÈ JESIKA TE KOLMANSE KWÈ YO EPI LI LAGE KÒ L BAY OBNE, LI KITE LEKÒL EPI LI FÈ PITIT POU MISYE, MEN OBNE KOLMANSE BAT LI EPI LI ABANDÔNE JESIKA. MOUN FE TRIPOTAY SOU MANMZEL.





JESIKA TE WÈ YON VWAZIN KI BA LI SIPÒ... EPI LI TE FÈ LI RANKONTRE AK LIDÈ AK ZANMI KI FÈ LI KWÈ NAN TÈT LI.



2-3 ZAN APRE, JESIKA MONTE YON ATELYE BWODRI. LI KONTINYE ANKADRE JÈN FI KI PI PITI PASE L, TANKOU MARIJAN, DIRELYA AK ANITA. LI BA YO KONSEY. AN N SWIV SA K PRAL PASE...

OKE MEDAM, SA ASE POLI JODI A. M SWETE NOU TOUT AP APRANN PANDAN N AP TRAVAY. MWA SA A PWODIKSYON NOU MONTE PLIS TOUJOLI MEDAM. SE ATELYE NOU AN KI VANN PLIS NAN ESPOZISYON AN. BRAVO POLI SA.





Keson pou brase lide :


1. Poukisa tifi yo apresye Jesika anpil konsa ?
2. Èske nou tout genyen pouvwa pou nou ede lòt jèn fi, tankou Jesika te fè lla ? Poukisa ?
3. Poukisa Jesika anvi pou jèn fi yo aprann kijan pou yo jere lajan byen ?

4. Dapre nou menm, sa k fè tifi yo pa t dekoraje, lè tout moun t ap ri yo, lè yo te fenk kreye gwoupman yo a ?
5. Si ou te gen chans chita pale ak lidè kominotè yo, pou fè yo chanje yon bagay anndan kominote a, kisa ou ta di yo ?
6. Ki lesyon nou tire anndan ti komik sa a ?

PETÈT NOLI DEJA KONNEN NATALI. OU KA SONJE LÈ LI TE GENYEN 12 AN LI TE ANSENT POU YON NEG KI RELE OSKA, KI TE KONN BA LI KÒB EPI BA LI TI PAWÒL DOLIS. OSKA VOLÈ KONFYANS LI. EREZMAN NATALI PA T PRAN MALADI, EPI LI TE KÒMANSE REFLECHI SOU SA KI TE RIVE A. PARAN LI YO TE EDE L KONTINYE ALE LEKÒL, EPI YO TE KÒMANSE BA LI BON SIPÒ. MEN SA PA T ASE.

KÈK MANM NAN KOMINOTE A : NATALI, PASTÈ, LIDÈ VODOUYIZAN, PWOFESÈ, PÈ LEGLIZ ELATRIYE REYINI POU YO PRAN MEZI POU POTE CHANJMAN NAN JAN MOUN AP AJI AK TIFI NAN KOMINOTE A.

1



2

MEZANMI BONSWA. MWEN BYEN KONTAN NOLI REYINI POU NOLI GADE KI MEZI KONKRÈ NOLI KA PRAN POU PÈMÈT TIFI NAN KOMINOTE A JWENN BON ANKADREMAN...

NON PA M SE JANÈT. MWEN SE PWOFESÈ. MWEN PRAL PALE AK DIREKSYON LEKÒL LA POU NOLI ÒGANIZE YON KOLI EDIKASYON SEKSYÈL POU TIFI AK TI GASON NAN LEKÒL LA.

EPI M AP MANDE YO METE REGLEMAN ESPESYAL POU PWOFESÈ AK MONITÈ KI RESPONSAB TIMOLIN RESPEKTE TIFI E TRETE YO BYEN. SE PA SA, OULGAN JANJAN ?

3

...EPI POU TOUT TIMOLIN, NI TI GASON NI TIFI, JWENN BON PREPARASYON POU YO VIV BYEN ANSANM, E POU YO JWENN MENM CHANS NAN LAVI.

4


4

5

GWO KOUT CHAPO POU PWOFÈSÈ JANÈT ! M AP REZÈVE YON JOLI CHAK SEMÈN NAN PERISTIL LA POLI GWOLUP TIFI KAPAB REYINI, FÈ AKTIVITE YO.




MWEN SE LORÈN, YON JIJ NAN KOMINOTE A. M AP PRAN TOUT DISPOZISYON M POU TRIBINAL LA PRAN TOUT KA ZOKIKI AK LÒT KALTE ABI OSERYE.




MWEN SE PÈ ALFONS. MOLIN KI KONN FÈ ABI SOU TIFI BEZWEN ÈD POU YO CHANJE VRE.



BONDYE BENI W. ANTANKE PASTÈ, M WÈ JAN LEGLIZ LA TA PI DJAMM SI FANM AK TIFI TE GENYEN PLIS POUVWA. EPI M WÈ AKSÈ TIFI YO GENYEN AK LAJAN ENPÔTAN POU TRASE AVNI YO.



SE VRE MWEN TE REPREZANTE KLÈB TIFI JODI A, MEN MWEN VLE PLIS MANM PREZAN NAN PWOCHEÑ RANKONT POU NOU KA TANDE SA YO VLE. MÈSI POU ANGAJMAN NOU !



Kesyon pou brase lide :

1. Kisa kominote a deside fè ak pouvwa li pou kore fi yo ?
2. Poukisa yo deside fi yo bezwen yon kout men espesyal ?
3. Kisa yo deside fè pou ede gason yo aji yon lòt fason ak fi yo ?
4. Dapre nou menm, ki lòt bagay yo ta ka fè ankò ?

5. Kisa nou ta renmen wè ki fèt bò lakay nou pou asire fi yo jwenn plis fòs anndan kominote a ?
6. Si tout moun te fè kichòy pou fi yo te jwenn fòs pou yo kapab balanse pouvwa yo ansanm ak gason yo, ki avantaj sa ta p bay ?
7. Ki lesyon nou tire nan ti komik sa a ?
8. E nou menm, ki aksyon nou pral poze pou anpeche vyolans sou fanm ak tifi ?

TI KOZE SOU LASANTE



Ki lè pou pèsonèl lasante sèvi ak Ti Koze sou Lasante:

Ou kapab lanse ti koze sa yo lè w ap konsilte yon pasyan, oswa nan sal datant yon sant sante, oubyen tou lè genyen pwogram edikasyon k ap fèt nan kominate a.

Kijan pou pèsonèl lasante sèvi ak Ti Koze sou Lasante:

Lè w ap konsilte yon pasyan, ou pa oblige fè tout ti koze a nèt, yon sèl kou, men lè ou wè gen bezwen pou sa, ou kapab pataje kèk nan enfòmasyon enpòtan ki nan bwochi sa a. Genyen bezwen pou ti koze a lè ou jije yon pasyan kapab ap fè fas ak youn nan pwoblèm ki trete nan ti koze a. Ti koze sa yo kapab fèt ak yon sèl moun, oswa ak yon ti gwoup moun. Li enpòtan pou jèn fi jwenn enfòmasyon sa yo. E li enpòtan pou moun ki nan antouraj jèn fi yo genyen enfòmasyon sa yo tou pou yo kapab pale ak jèn fi yo, e ede yo pou yo ka rete an sante. Lè jèn fi nan kominate a djanm, sa pèmèt kominate a vin pi djanm.



Ti koze sou lasante #1 :

Lide pou nou kenbe nan tèt nou: An nou fè kichòy pou tifi jwi dwa sante yo!

Entwodiksyon: Jodi a nou pral pale sou dwa chak moun genyen pou jwenn lasante. Bòn sante pa vle di sèlman yon moun pa malad. Li vle di yon byennèt fizik, emosyonèl ak mantal total-kapital. Donk yon moun an sante tout bon lè li byen nan kò li, nan fason li santi li ak fason li panse. Bòn sante se yon dwa pou tifi kòm moun. Men gen yon defi patikilye pou tifi jwi dwa sa a paske, pi souvan, se tifi ki genyen mwens pouvwa pou defann dwa yo, donk yo genyen mwens pouvwa pou pwoteje kò yo ak sante yo. Pou rezon sa yo ak anpil lòt, se kominate a ki dwe fè kichòy ansanm ak tifi yo pou korije sitiyasyon sa a epi bay tifi ak jèn fi opòtinite pou yo jwi dwa yo genyen pou yo an sante

Kesyon pou ou poze pou ou lanse deba a:

Nòt pou animatè/ animatris Ti pale a: Li pi bon si se nan bouch moun k ap debat sijè a pwen sa yo soti, sinon se pou fasilitatè a di yo.

1

• Poukisa li enpòtan pou nou veye sou sante tifi ak jèn fi?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- Akoz se tifi ki genyen mwens pouvwa, gen plizyè maladi ak lòt pwoblèm ki gen tandans frape tifi plis pase tout lòt moun.
- Tifi ak jèn fi konn pa chèche enfòmasyon ni pran mezi pou pwoteje sante yo akoz yo pè pou moun pa jije yo, ba yo pote move non, oswa fè vyolans sou yo. Konsa, gen tifi ki konnen yo malad e yo pa di sa.
- Souvan tifi pa jwenn enfòmasyon ki enpòtan anpil pou yo, enfòmasyon ki ka evite yo tonbe nan malè. Moun lakay yo pa ba yo enfòmasyon sa yo ni yo pa gen libètè pou yo soti pou jwenn enfòmasyon an.
- Lè yon tifi pa an bòn sante, li p ap fasil pou li santi li anpè, epi li p ap ka mete tout talan ak kapasite li deyò. Se yon defisi pou fanmi li ak kominate li.
- Kominate a dwe pèmèt tifi rejwenn pouvwa yo pou yo kapab genyen kontwòl sou kò yo ak sante yo, epi pou yo jwi tout dwa yo genyen kòm moun.
- Rapple sijè a : An nou fè kichòy pou tifi jwi dwa sante yo!

2. Kisa kominate a kapab fè pou tifi jwi dwa yo genyen pou yo viv an sante?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- Asire genyen kou nan tout lekòl kote yo trete kesyon sante ki an rapò ak pati entim nan kò a, fè bagay, epi fè pitit.
- Asire tout tifi ap genyen aksè nan sant sante, epi yo jwenn enfòmasyon kòrèk lè yo bezwen.
- Chanje règleman, pwotokòl, pwosedi, koutim ak sistèm nan kominate a pou yo pwoteje dwa tifi yo, sante yo ak byennèt yo tou.
- Rive fè tout moun aksepte dwa pou tifi yo di “non” lè yo pa vle fè bagay, oswa lè yon moun ta vle manyen yo san yo pa dakò.
- Aprann tout moun nan kominate a, kò fi pa yon mwayen pou yo fè lajan.
- Fè pledwaye pou tout lekòl pèmèt tifi ki ansent ale lekòl epi kontinye ale lekòl kontinye ale lekòl menm apre yo fin akouche.
- Pase enfòmasyon nan radyo sou koze ki enpòtan pou sante fi.
- Pèmèt tifi ak ti gason balanse pouvwa yo lakay yo, nan lekòl e toupatou kote tifi ak ti gason preznan nan kominate a.
- Pèmèt tifi jwenn espas apwopriye pou yo ak modèl ki pou enspire yo yon fason pou yo kapab santi yo byen.
- *Raple sjè a : An nou fè kichòy pou tifi jwi dwa sante yo!*

3. Kisa nou menm nou kapab fè jodi a pou tifi yo kapab jwi dwa yo genyen pou yo viv an sante?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- *NB: Asire moun yo site kèk bagay yo menm kapab fè, ki gen ladan kontribisyon pa yo pou repons ki te site nan kesyon #2 a. Asire moun yo ap di pawòl ki montre angajman pèsonèl yo, tankou: pitit fi pa yo gen enfòmasyon sou kò yo ak sante yo e yo santi yo alèz pou poze kesyon sou kò yo ak sante yo. Oubyen mete ansanm ak lòt moun pou mande lekòl nan zòn nan pou yo fè kou sou sante ak vyolans pou elèv yo. Elatriye.*
- *Raple sjè a : An nou fè kichòy pou tifi jwi dwa sante yo!*

Dènye mo pou fèmen deba a: Mèsi pou ti koze nou te fè sou lasante. Ak ki lòt moun nou panse nou ka pale sou koze sa a?



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

Repanse Pouwva (509) 3617 1815 • annanpechevyolans@gmail.com • repansepouvwa.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net •

Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouwva ak atis Chevelin Pierre



Ti koze sou lasante #2 :

Lide pou nou kenbe nan tèt nou: An n lite pou jèn fi ak jèn gason gen bon enfòmasyon sou koze fè bagay.

Entwodiksyon: Jodi a nou pral pale sou empòtans pou nou lite pou jèn yo gen bon enfòmasyon sou koze fè bagay, enfeksyon moun pran nan fè bagay ak planin. Lè jèn gason ak jèn fi kapab pwoteje tèt yo kont maladi moun pran nan fè bagay ak gwo sès sanzatann, sa pèmèt yo viv an sante pandan y ap devlope tout kapasite yo genyen. Kòm se fi ki vin ansent, e yo pi an danje pase gason pou yo pran enfeksyon tankou VIH/SIDA, sa fè li 2 fwa pi empòtan pou paran, pèsonèl lasante, gwoupman jèn ak lekòl bay fi yo bon enfòmasyon sou koze fè bagay. Nou bezwen pale ak yo sou enfeksyon moun pran nan fè bagay tankou VIH/SIDA ak lòt, ak sou fason pou yo pa vin ansent ak planin, tankou pa fè bagay, oubyen sèvi ak pilil, piki, dyafrag, esterilè, oubyen kapòt.

Kesyon pou ou poze pou ou lanse deba a:

Nòt pou animatè/ animatrice Ti pale a: Li pi bon si se nan bouch moun k ap debat sijè a pwen sa yo soti, sinon se pou fasilitatè a di yo.

1

• Kisa ki fè moun pè pale ak jèn sou koze fè bagay, enfeksyon moun pran nan fè bagay ak planin, e, poukisa yo dwe fè sa kanmenm?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- Anpil paran ak lòt granmoun kwè si timoun yo jwenn twòp enfòmasyon sou koze fè bagay, sa pral bay yo anvi al fè bagay anvan yo pare pou sa.
- Men se pa enfòmasyon sou fè bagay ki rann moun anvi fè bagay. Anvi a natirèl. Jèn yo bezwen bon enfòmasyon pou yo kapab jere anvi yo genyen pou yo fè bagay.
- Anpil paran pè pale sou sijè yo paske yo santi yo manke bon enfòmasyon. Men, si yon paran pa konnen enfòmasyon sou bagay sa yo, li kapab al mande sipò nan sant sante oubyen bò kote yon lòt moun pou ede l jwenn bon enfòmasyon pou bay jèn yo.
- Lè jèn gason ak jèn fi jwenn bon jan enfòmasyon sou koze fè bagay, sou konsekans sa genyen, sou prensip moral paran yo genyen sou sa, y ap gen plis chans pou yo tann lè yo pare pou yo koumanse fè bagay, y ap fè bagay ak mwens moun, epi lè yo pral fè bagay y ap gen plis chans pou yo pwoteje tèt yo.¹
- Lè moun pale ak jèn yo, sa pèmèt yo santi yo alèz pou yo pale sou sa ki nan tèt yo ak paran yo, olye pou yo ta eseye kenbe lide yo sekrè, epi viv ak laperèz pou paran yo pa dekouvri yo. Konsa paran yo ap kapab oryante yo pi byen.

2. Kisa nou ta sipoze di jèn yo sou koze fè bagay, planin, elatriye?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- Pi bon fason pou evite ansent met pye, se pou pa fè bagay ditou.
- Pi bon fason pou moun evite trape VIH/SIDA ak lòt enfeksyon moun pran nan fè bagay, se pa fè bagay ditou, ni nan bouboun, ni nan dèyè, ni nan bouch. 2zyèm metòd ki pi bon an, se sèvi ak kapòt pou chak grenn kontak seksyèl.
- Apre abstinans (sa vle di pa fè bagay ditou), se kapòt sèlman ki anpeche alafwa VIH/SIDA, lòt enfeksyon moun pran nan fè bagay, ansam ak gwosès. Men fòk kapòt la bon kalite, byen konsève epi bon dimansyon pou moun k ap mete l la.
- Lòt metòd planin tankou pilil, piki, dyafrag, esterilè, ak lòt, yo anpeche gwosès, men yo pa anpeche VIH/SIDA oubyen lòt enfeksyon moun pran nan fè bagay.
- Pilildilandemen an (sa yo rele an franse Pilule du lendemain) kapab anpeche gwosès si yon fi pran li nan espas senk (5) jou apre li te fè bagay. Men pilil sa a kapab pa disponib toupatou.
- Avòtman pa legal, men genyen anpil kote sa fêt ann Ayiti. Anpil nan moun ki pran reskonsabilite pou ede fanm fè avòtman pa pwofesyonèl sante vre, donk souvan, sekirite ak sante fanm yo pa garanti. Si yon fi ansent pa ka sipòte gwosès li, li enpòtan anpil pou fi sa a jwenn sipò bon pwofesyonèl sante ak lòt granmoun pou ede li, pou li pa al chèche jwenn solisyon pou kont li.
- *Raple sijè a:* An n lite pou jèn fi ak jèn gason gen bon enfòmasyon sou koze fè bagay.

3. Ki lòt fason nou kapab asire jèn fi ak jèn gason yo jwenn bon enfòmasyon sou koze fè bagay, enfeksyon moun pran nan fè bagay, ak planin?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- Fè pledwaye pou tout lekòl mete kou sou tèm sa yo.
- Mande lidè relijiye fè evenman pou envite pèsonèl lasante prezante tout enfòmasyon sou koze a. Lidè relijiye a kapab brase lide sou prensip moral relijiyon li vle timoun genyen sou fè bagay, plis aspè emosyonèl ak espirityèl ki gen rapò ak sa.
- Mande pwofesyonèl sante fè kèk enfòmasyon pase nan kominate a sou radyo, ak nan klèb jèn pou asire menm jèn ki pa lekòl jwenn bon enfòmasyon.
- *NB: Ankouraje patisipan yo jwenn lòt fason pou asire enfòmasyon rive jwenn jèn yo.*
- *Raple sijè a:* An n lite pou jèn fi ak jèn gason gen bon enfòmasyon sou koze fè bagay.

Dènye mo pou fèmen deba a: Mèsi pou ti koze nou te fè sou lasante. Ak ki lòt moun nou panse nou ka pale sou koze sa a?



Ti koze sou lasante #3 :

Lide pou nou kenbe nan tèt nou: Annou kreye mwayen pou tout tifi viv an sante!

Entwodiksyon: Tout moun gen dwa pou yo viv an sante. Malgre sa a, nan chak kominate, gen tifi ak jèn fi ki pi vilnerab pase lòt moun, epi ki vreman manke pouvwa nan moman sa a. Se nou menm ki pou pase alaksyon, mete ansanm ak yo pou yo ka dekouvri pouvwa yo epi fè resous yo bezwen pou jwenn pouvwa yo vin disponib pou yo. An nou pale sou kijan nou kapab kreye mwayen pou tout tifi viv an sante!

Kesyon pou ou poze pou ou lanse deba a:

Nòt pou animatè/animatriss Ti pale a: Li pi bon si se nan bouch moun k ap debat sijè a pwen sa yo soti, sinon se pou fasilitatè a di yo.

1

• Ki tifi ak jèn fi ki pi an danje pou yo pa an sante?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- Fi ki sibi kadejak oubyen lòt vyolans.
- Fi ki nan rèstavèk oubyen nan òfelina.
- Fi ki gen VIH/SIDA.
- Fi ki ansent sanzatann.
- Nenpòt tifi kapab an danje pou yo pa an sante.
- *Raple sijè a: Annou kreye mwayen pou tout tifi viv an sante!*

2

• Ki resous nou bezwen pou fi ki an danje yo viv an sante?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- Pou fi ki sibi kadejak oubyen lòt vyolans: sipò moral, swen sante, medikaman, sètifikasi medikal, jistis, ebèjeman an sekirite, elatriye.
- Pou fi ki nan rèstavèk oubyen nan òfelina: sipò moral, edikasyon sou dwa moun ak dwa fanm, sipò pou devlope kapasite ak talan, sipò pou ale lekòl, jwenn travay, elatriye.
- Pou fi ki gen VIH/SIDA: sipò moral, medikaman ak lòt swen sante, enfòmasyon sou SIDA, sipò nan jwenn travay ak kontak sosyal, elatriye.
- Pou fi ki ansent sanzatann: sipò moral, sipò ekonomik oubyen pou jwenn travay, sipò pou pran swen pitit la pou li ka kontinye ak lekòl oubyen aprann metye, elatriye.

3. Kisa nou kapab fè ansanm pou tifi ki pi an danje yo viv an sante?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- NB: Asire moun yo site kèk bagay yo menm kapab fè, ki gen ladan kontribisyon pa yo pou repons ki te site nan kesyon #2 a. Asire moun yo ap di pawòl ki montre angajman pèsonèl yo, tankou: pale ak òganizasyon oubyen legliz nan zòn nan pou yo ofri sèvis sa yo tou pou tifi ak jèn fi ki manke pouvwa. Pèsonèlman kòmanse yon klèb pou kore fi ki an danje epi asire yo jwenn sa yo bezwen. Elatriye.
- *Raple sijè a: Annou kreye mwayen pou tout tifi viv an sante!*

Dènye mo pou fèmen deba a: Mèsi pou ti koze nou te fè sou lasante. Ak ki lòt moun nou panse nou ka pale sou koze sa a?



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

Repanse Pouvwa (509) 3617 1815 • annanpechevolans@gmail.com • repansepouvwa.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net •

Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouvwa ak atis Chevelin Pierre



Ti koze sou lasante #4 :

Lide pou nou kenbe nan tèt nou: Lè gen ka vyolans nan kay oswa kadejak, fi ki sibi zak la gen dwa pou yo jwenn ak sètifika medikal gratis.

NB: Anvan fasilitatè fè ti koze sou lasante sa a, li bezwen jwenn bon enfòmasyon sou ki lopital oubyen sant sante siyen sètifika medikal nan zòn nan. Konsa, l ap ekri non lopital sa yo oubyen sant sante sa yo tout kote li genyen yon espas blanch pou fè sa nan kesyon #4.

Entwodiksyon: Tout moun gen dwa pou yo viv an sante. Malgre sa a, nan chak kominote, gen tifi ak jèn fi ki pi vilnerab pase lòt moun, epi ki vreman manke pouvwa nan moman sa a. Se nou menm ki pou pase alaksyon, mete ansanm ak yo pou yo ka dekouvri pouvwa yo epi fè resous yo bezwen pou jwenn pouvwa yo vin disponib pou yo. An nou pale sou kijan nou kapab kreye mwayen pou tout tifi viv an sante!

Kesyon pou ou poze pou ou lanse deba a:

Nòt pou animatè/ animatriss Ti pale a: Li pi bon si se nan bouch moun k ap debat sijè a pwen sa yo soti, sinon se pou fasilitatè a di yo.

1

• Apre yon moun sibi kadejak oswa vyolans nan kay, kisa li bezwen?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- Sipò moral; Jistis ; Swen sante (pou moun ki sibi kadejak, avan 72è gen medikaman li bezwen pran pou anpeche li pran VIH/SIDA, medikaman pou anpeche gwosès, medikaman kont lòt maladi moun pran nan fè bagay); Sipò materyèl / ekonomik; Sekirite

2

• Kisa yon sètifika medikal ye nan ka vyolans nan kay oswa kadejak?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- Sètifika medikal fasilité moun ki sibi vyolans jwenn jistis.
- Yon sètifika medikal se yon papye doktè siyen ki prezante sa doktè a wè sou kò moun ki sibi kadejak la. Se youn nan papye ki sèvi kòm prèv nan tribinal.
- Menm si yon sètifika medikal pa reprezante tout prèv pou yon ka, men, jij yo bay sètifika medikal anpil enpòtans.
- Raple sijè a: Nan ka vyolans nan kay oswa kadejak, fi ki sibi zak la gen dwa pou yo jwenn sètifika medikal gratis.

3

• Kiyès k ap siyen sètifika medikal nan ka vyolans nan kay oswa kadejak?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- An reyalite, se doktè ki siyen sètifika medikal. Epi yon jij ka rele yon doktè ki te siyen yon sètifika medikal pou doktè a temwaye devan lajistis. Sa nòmal, e doktè yo gen devwa pou yo al temwaye.
- Lalwa rekonèt anpil pèsonèl lasante ka siyen sètifika medikal nan ka vyolans nan kay oswa kadejak, men jiska prezan, an praktik, se sèlman doktè yo jij yo aksepte ki siyen yo. Pou kèk jij, se sèlman jinekelòj ki kapab siyen sètifika medikal. Limit sa yo pa baze sou lalwa, men se pratik sistèm jistis la.

- *Raple sijè a:* Nan ka vyolans nan kay oswa kadejak, fi ki sibi zak la gen dwa pou li jwenn sètifika medikal gratis.

4. Nan ki delè e ki kote yon moun ki sibi kadejak oswa vyolans nan kay dwe al chèche yon sètifika medikal?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- Pou doktè jwenn prèv sou kò yon moun, li enpòtan pou moun ki sibi zak la ale PI VIT POSIB nan ______. Li enpòtan anpil pou moun ki sibi kadejak kòmanse pran medikaman avan 3 jou (72èdtan) pase, se sa k ap diminye risk pou moun ki sibi kadejak pran VIH/SIDA.
- Se sèlman _____ ki bay sètifika medikal pou kounye a, men sa ka chanje. An nou rete an kontak pou plis enfòmasyon sou kesyon sa a.
- Sètifika medikal ta DWE disponib nan tout sant sante, men sa pokò rive fèt. Nou dwe fè plis pledwaye pou sa rive. E konsa, va genyen plis posibilité pou moun ki sibi vyolans jwenn jistis.

5. Konbyen lajan moun ki sibi kadejak oswa vyolans nan kay bezwen peye pou jwenn sètifika medikal?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- Sètifika medikal dwe gratis! Ministè Lajistis di sa depi 2007.
- Si ou konnen yon moun ki sibi kadejak oswa vyolans nan kay epi yo mande moun nan peye pou sètifika medikal, ou ka toujou ale kote yon òganizasyon ki akonpanye sivivan nan zòn ou an epi mande yo sipò. Anpil fwa, pledwaye yo kapab ede sivivan yo. (Nòt pou fasilitatè: bay enfòmasyon sou kote pou yo ale nan zòn nan).
- *Raple sijè a:* Nan ka vyolans nan kay oswa kadejak, fi ki sibi zak la gen dwa pou li jwenn sètifika medikal gratis.

Dènye mo pou fèmen deba a: Mèsi pou ti koze nou te fè sou lasante.

LIDE POU ATIK OSWA REPÒTAJ



Koutje sou Lide pou Atik oswa Repòtaj Faz 4 (Aksyon):

Fanm kou gason ki jounalis, animatè radyo, direktè medya ak lòt manm pèsonèl ki travay nan medya (radyo, jounal ak televizyon) genyen gwo pouvwa pou ede yon kominate chanje konpòtman yo.

Genyen twa (3) Lide pou Atik oswa Repòtaj nan Faz 4, ak tèm ki apwopriye pou Faz la. Chak Lide pou Atik oswa Repòtaj genyen enfòmasyon ak done estatistik, plis endikasyon sou kalte moun ki kapab enteresan pou jounalis fè entèvyou.

Si nou bezwen yon rafrechi memwa sou fason pou nou sèvi avèk Lide pou Atik oswa Repòtaj yo, gade enfòmasyon sou sa nan "Koutje sou Lide pou Atik oswa Repòtaj" ki nan materyèl mobilizasyon kominotè pou Faz 2 (paj 74).



Lide N° 1 pou Atik oswa Repòtaj - Aksyon

Ki aksyon klèb tifi ap fè epi kijan nou ka kore yo?

Lè nou tande yon moun ak atansyon, sa ede li kwè nan tèt li. Men, genyen moun nou pa abitye tande byen nan kominote a. Anpil fwa, tifi pa pale, epi lè yo pale, moun pa tande yo tout bon. Nou kapab pa kwè tifi gen sajès pou yo pataje, oubyen nou pa bay pawòl tifi yo enpòtans.

Men, èske nou rann nou kont tout sa tifi ak jèn fi wè nou memm nou pa ka wè? Èske nou konnen gen gwoupman tifi ki mete ansanm pou ede youn lòt epi pou ede kominote a diminye vyolans, VIH/SIDA ak lòt pwoblèm nou ap konfwonte? Klèb tifi ak òganizasyon jèn fi gen anpil aksyon y ap fè pou amelyore kominote a, epi yo gen anpil rekòmandasyon sou sa nou tout kapab fè pou ede yo reyisi.

Gen klèb tifi ki travay pou asire tifi pa tonbe nan sitiyasyon kote yo vilnerab, tankou gwo risk pou yo sibi vyolans. Gen klèb tifi ki pale sou enpòtans lekòl genyen pou tifi, enpòtans konesans sou kò yo, lasante yo ak fason pou yo pa vin assent. Gen klèb tifi ki ede tifi ak jèn fi aprann fè jesyon bidjè, finans, yo pèmèt jèn fi gen konfyans pou aprann tout kalte metye, jesyon biznis, elatriye. Genyen ki ede tifi konnen resous ki genyen nan kominote a si gen yon pwoblèm.

Epitou, gen klèb tifi ki ale pi lwen pase bay manm gwoup pa yo sipò, yo ede tout kominote a. Y ap mande nou pase alaksyon avèk yo. Yo kapab rekòmande nou kèk aksyon paran kapab fè pou asire fi ak gason gen memm dwa ak menm devwa nan kay. Yo kapab rekòmande nou aksyon pou lekòl yo mete kourikoulòm sou sijè enpòtan k ap ankouraje pouvwa tifi. Yo kapab ba nou plis lide toujou sou fason nou kapab kore yo nan lit pou tifi jwenn pouvwa ak dwa nan kominote yo. Li enpòtan pou nou tande yo, epi pou nou pase alaksyon avèk yo!

Sijesyon pou entèvyou :

- Entèvyou ak lidè klèb tifi oubyen òganizasyon jèn fi. Poze yo kesyon sou fason nou kapab ede pou pèmèt tifi ak jèn fi jwenn pouvwa yo. Mande ki aksyon y ap fè epi kijan nou kapab kore yo.
- Entèvyou avèk manm klèb tifi oubyen òganizasyon jèn fi, avèk otorite plis lidè nan kominote a. Poze yo kesyon sou fason yo kapab travay ansanm pou ede tifi ak jèn fi reyisi nan kominote a. Mande tifi ak jèn fi yo kisa lidè ak enstitisyon ta sipoze fè pou amelyore lavi tifi ak tout kominote a.
- Entèvyou ak klèb tifi oubyen òganizasyon jèn fi sou yon tèm yo menm yo chwazi.



Lide Nº 2 pou Atik oswa Repòtaj sou Aksyon

Siyen kòd kondwit nan lekòl ak nan legliz pou pwoteje tifi nou yo!

Yon manman ak yon papa pa ka leve yon timoun pou kont yo. Menm si paran yo ap fè tout efò yo, yo konte sou lòt moun pou bay bon egzanz pou pitit yo. Pandan jounen an, yo oblige fè kèk moun konfyans nan lekòl oubyen nan legliz ak pitit yo. Gen kèk moun ki merite konfyans paran fè yo. Gen pwofesè lekòl, lidè reliye, ak lòt moun ki tankou lòt paran pou timoun. Yo ankadre timoun byen, yo se modèl pou kominate yo akoz konpòtman yo. Pou timoun ki pa gen bon paran e ki riske pran move direksyon, moun sa yo jwe yon wòl kapital ki kapab mete timoun sa yo sou ray, ba yo lespwa epi chanje lavi yo.

Men, kisa ki pase lè se menm moun nan lekòl oubyen nan legliz ki pa merite konfyans paran?

Defwa, se yo ki fè abi sou timoun? Gen ka kote pwofesè lekòl mande tifi kouche ak yo paske paran yo pa ka peye, olye yo annik ede fanmi ak elèv sa yo san yo pa fè abi seksyèl pou sa. Genyen ka lidè reliye tou, yo pran pòz yo ap sèvi Bondye men yo ap fè abi sou timoun ki fè yo konfyans. Moun sa yo gen pouvwa, yo mal sèvi ak pouvwa yo e yo fè timoun abi, sitou tifi. Sa k pi rèd, akòz pouvwa plis pozisyon lidèchip moun sa yo genyen, anpil fwa lekòl yo oubyen legliz yo kase fèy kouvri sa. Epi abi ap kontinye fèt, plis tifi ak jèn fi toujou ap soufri.

Gen yon estrateji bon lekòl ak bon legliz kapab fè pou asire yo pa tonbe nan sitiayson sa yo. Yo kapab fè kòd kondwit pou chak pèsònèl lekòl oubyen chak moun ki nan pozisyon ki bay pouvwa siyen. Yo kapab fè yon komite envestigasyon ki genyen plizyè fi ak gason ladan li pou sizoka gen moun ki pote plent. Kòd kondwit sa yo kapab fè tout moun wè klè yo pa dakò ak abi, epi li kapab dekorage moun fè abi.

Sijesyon pou entèvyou :

- Entèvyou ak aktivis pou kore pouvwa tifi ki ap fè pledwaye pou yo siyen kòd kondwit nan legliz oubyen lekòl. Poze yo kesyon sou enpòtans kòd kondwit yo epi fason popilasyon an kapab ede yo nan lit pou fè pèsònèl ak lidè enstitisyon yo siyen.
- Entèvyou ak enstitisyon ki deja siyen kòd kondwit, oubyen ki nan pwosesis pou siyen yo. Poze yo kesyon sou kontni kòd pa yo, sou avantaj sa genyen si tout moun siyen, ak konsèy yo kapab bay pou fason pou jere difikilte yo. Mande yo ki fason yo jwenn pou asire kòd la pa rete sou papye sèlman, men li antre an aplikasyon.
- Entèvyou ak reskonsab lekòl oubyen legliz. Poze yo kesyon sou regleman oubyen lòt kòd kondwit ki genyen sou lòt sijè pou asire bon konpòtan moral manm pèsònèl yo ak lidè enstitisyon an. Mande kisa ki fè kòd kondwit pou pèsònèl ak lidè kapab ede yo asire tifi yo pa an danje. Mande yo kisa yo swete fè pou fè tout moun rive rive siyen kòd kondwit.



Lide N° 3 pou Atik oswa Repòtaj pou konsyantizasyon

Pase alaksyon pou kore pouvwa tifi!

Jan anpil moun konnen déjà, tifi ak jèn fi gen plis risk pou sibi kèk pwoblèm ak trape maladi akòz mank pouvwa yo genyen nan kominote a. Selon ekspè yo, chak moun nan yon kominote genyen wòl pou li jwe nan kore pouvwa tifi. Men, kijan nou kapab pase alaksyon tout bon vre?

Paran kapab kreye regleman pou fè fi ak gason egal anndan kay la, ede pitit gason nou ak pitit fi nou yo antre nan lit pou fanm egal ak gason, epi fè chanzman nan fason n ap leve pitit fi nou yo pou yo ka viv byen.

Òganizasyon fanm, klèb tifi ak òganizasyon timoun kapab asire tifi jwenn zanmi ak lòt fi ki pi gran pase yo kòm modèl. Epitou, yo kapab analize pwogram yo genyen pou asire pwogram yo ap ede tifi tout bon.

Lekòl yo kapab asire yo retire tout blokaj ki ka anpeche tifi ak jèn fi kontinye ale lekòl nan mete kourikoulòm ki pale sou dwa ak sante seksyèl, vyolans, balans pouvwa, jesyon finans, jesyon biznis, kredi, ak lòt toujou. Epitou lekòl yo kapab fè tout pèsònèl lekòl siyen kòd kondwit pou dekoraje pèsònèl yo fè abi seksyèl sou elèv yo, epi asire kòd sa yo respekte. Lekòl yo dwe toujou fè efò pou tandem revandikasyon tifi ak jèn fi ki elèv, pou satisfè bezwen ak dwa yo genyen pou jwenn bon jan ankadreman nan etid yo, san abi.

Lidè kominotè yo kapab asire gen klèb tifi nan zòn pa yo, lite pou plis resous disponib pou tifi ki gen pwoblèm, tankou yon kote san danje pou tifi dòmi si yo pa ka ale lakay yo, aksè ak moun ki akonpanye fi ki sibi kadejak ak lòt vyolans, posibilité pou fè tès VIH/SIDA, enfòmasyon sou lasante ak fason pou anpeche gwosès ak maladi, plis sèvis legal. Lidè yo kapab ankouraje òganizasyon ak moun ki gen mwayen pou yo mete bous pou tifi kapab kontinye ale lekòl.

Chak moun kapab sèvi ak pouvwa li pou nou balanse pouvwa ant fi ak gason. Lè nou wè yon bagay ki pa sa, nou kapab, avèk egzanp nou, enfliyans nou, fè zanmi nou ki pa tandem fi koumanse tandem fi, oubyen di kichòy pou eliminate tizzonnay nan lari.

Egzanp sa yo se pou inspire plis lide toujou – moun nan tout kouch sosyal gen aksyon yo kapab fè pou kore pouvwa tifi.

Sijesyon pou entèvyou :

- Entèvyou ak moun ki ap fè kichòy pou kore pouvwa tifi. Poze yo kesyon sou rezon ki pote yo fè aksyon, kiyès ki patisipe avèk yo, ki siksè yo jwenn, ki defi yo konfwonte, epi ki sipò lòt moun kapab ba yo pou yo reyisi.
- Entèvyou ak reprezantan youn nan gwoup sa yo (reskonsab òganizasyon, paran, òganizasyon fanm, oubyen klèb timoun; direksyon lekòl; lidè kominotè, oubyen lòt otorite). Poze yo kesyon sou sa y ap fè pou kore pouvwa tifi. Mande yo ki aksyon yo vle fè, poukisa yo pokò avanse avèk yo, epi kijan moun kapab ede yo pase alaksyon pou bagay sa yo rive fèt.



TEYAT FAZ 4 AKSYON


Nan faz Aksyon, genyen 3 teyat kominotè sou sa ki gen rapò ak faz la. Chak sèn gen kesyon pou brase lide ki mache ak yo. Apre aktè yo jwe, animatè a kapab pote moun reflechi sou sa yo panse sou sa yo te wè. Konsa, pyès yo vin tounen yon eksperyans ki rich ak anpil echanj.

Teyat nan Kore Tifi yo kout, epi yo pa gen anpil sèn. Se pou pwofite okazyon pi kout, ak aktè ki ka gen mwens eksperyans. Pandan yon gwoup moun ap tann yon lòt rankont koumanse, yo te ka jwe yon teyat, oubyen apre yon mès oubyen yon sèvis fini, oubyen nan rekreyasyon lekòl, elatriye. Si gen yon gwoup teyat fòmel, epi nou vle mobilize moun sèlman pou asiste teyat, aktè yo ansanm ak ekip Kore Tifi kapab lonje replik yo pou fè sèn yo pi long.

Kèk ti konsèy pou preparasyon sèn teyat yo:

- * Nan chak sèn, eseye fè soti lide ki nan istwa a ak èd-memwa a atravè dyalòg ak aksyon karaktè yo.
- * Kapab gen moman nan teyat la ki komik, men eseye travay ak aktè yo pou moun pa anvi ri vyolans oubyen minimize konsekans li.
- * Swiv lòd istwa a, san nou pa devye twòp, ni nou pa pase twòp tan sou yon pati ladan li, pou nou kapab kouvri tout pati yo nan tan ki mete a.
- * Asire nou piblik la byen tandem, epi li byen konprann sa nou vle fè pase a.
- * Lè sa pi fasil, fè animatè a pale ak piblik la pou ede moun konprann sèn nan, pa egzanp pou yo konnen kiyès karaktè yo ye.
- * Respekte tan ki mete pou prepare e pou jwe sèn yo.
- * Antre nan po karaktè yo, epi fè kreyativite nou mache!!

Faz Aksyon - Teyat No. 1



Lide pou moun kenbe nan tèt yo apre yo fin wè pyès teyat sa a:
Pase alaksyon pou tifi ak ti gason viv egal-ego anndan kay nou yo
ak nan kominate a!

Kònsèy sou jan animatè a ka kòmanse:

- Swete patisipan yo byenvini.
- Avan teyat la, animatè a ap li wòl yo pou publik la.
- Pale de *Lide pou moun kenbe nan tèt yo a*, yon jan pou ou kòmanse bay yon lide sou teyat la.

Wòl yo

Mari	Se yon tifi	Li gen 10zan. Li se ptit Silya.
Silya	Se yon fanm	Li se manman Mari ak Pouchon.
Pouchon	Se yon ti gason	Li se ptit gason Silya, li gen 8tan. L ap viv nan kay la.
Rolph	Se yon gason	Lidè nan klèb timoun.
Timoun nan klèb timoun	Plizyè fi ak plizyè gason	Timoun nan katye a ant 10-17an.

NB: Si pa gen ase aktè pou jwe wòl nan klèb timoun ou kapab fè se sèlman 2 moun ki aktè, epi apre sa oryante kèk espektatè anvan teyat la koumanse pou jwe wòl timoun nan klèb timoun. Men, yo oblige konnen lè tèl kesyon poze ki mo pou chak di, epi lè Pouchon di tèl bagay ki reyakson pou yo genyen.

Istwa:

Mari ak Pouchon ap rantre nan yon rankont nan klèb timoun nan katye a. Manman yo, Silya, prezante yo bay Rolph, ki se lidè nan klèb timoun. Rolph di li kontan prezans yo jodi a pou pale ak timoun nan katye a. Rolph prezante Mari ak Pouchon, ki soti nan yon lòt kominate ak Silya pou vizite Tonton ak Matant yo pou kèk jou. Li esplike Mari ak Pouchon gen yon lide enpòtan pou pataje ak yo, sou egalite fi ak gason. Mari pran lapawòl anvan, epi li mande timoun nan klèb timoun leve men yo pou yo reponn a kèk kesyon. Li mande: Kiyès ki abitye lave rad nan kay la? Kiyès ki abitye lave asyèt? Kiyès ki jwe foutbòl? Kiyès ki al chèche dlo?

Apre Mari fin poze kesyon, Pouchon remake gen anpil fi ki fè anpil travay nan kay la. Li kanpe pou l pale, pandan timoun nan klèb timoun chita. Gen anpil ti gason ki gen anpil tan pou yo jwe epi etidye.

Pouchon esplike se te konsa lakay li tou. Li di fason moun konn di "ti gason se ti kòk" se konsa li te kwè tou. Li wont kounye a pou reflechi sou tout travay Mari te konn fè pou li, ki pa te kite l ase tan li menm pou li jwe oubyen etidye. Mari di Pouchon chanje kounye a, epi yo viv egal-ego nan kay la, ak respe youn pou lòt.

Gen yon ti gason nan klèb timoun ki ri, epi li di konsa "sanble Pouchon tounen fi". Timoun yo ri.

Pouchon jennen. Men Mari pale pou li pou di tonton li se yon gwo gason nan katye a, epi li aji menm jan ak Pouchon. Moun lakay yo viv kè kontan. Pouchon esplike manman li Silya mete yon prensip anndan kay la pou asire ti gason ak tifi viv egal-ego. Li mande tout moun nan fwaye a ni nan vwazinaj tou veye pou youn nan timoun yo pa gen priyrite sou lòt la.


Mari mande: ki avantaj ki genyen lè nou kreye prensip pou fè fi ak gason egal anndan kay la? Timoun yo reponn: "tout moun kè kontan", "timoun yo fè pi bon nòt lekòl", "tout moun ale menm lekòl", "tifi ak ti gason gen menm dwa ak menm libète", "fi pa al chèche afeksyon lòt kote epi vin ansent", "ti gason fè respè yo ak fi", elatriye. Pouchon mande: kiyès ki anvi pale ak manman ak papa yo sou fason yo kapab mete prensip pou fi kapab egal ak gason anndan kay la? Anpil nan timoun yo di "wi!"

Silya rantre nan koze a epi li ofri nimewo telefòn li si paran yo pokò konvenki epi yo vle poze l kesyon sou fason sa a mache. Li di yo, anvan sa, li te kite Mari fè twòp travay epi kite Pouchon fè dezòd, men nòt Mari te fè lekòl te vin pa bon paske li pa t gen ase chans pou l etidye. Li te menm rive di Mari te sipoze aprann soumèt anba yon gason. Men menm Pastè legliz korije l pou fè l konprann fi ak gason sipoze soumèt youn ak lòt. Kounye a, Mari ak Pouchon tou2 fè bon nòt lekòl, epi fwaye a pi kè kontan. Li wè Pouchon pi saj tou, kounye a, paske li patisipe pi plis nan aktivite ki fèt anndan kay la.

Rolph kontan anpil ak koze a, epi remèsyé Silya, Mari ak Pouchon pou bèl lide yo. Rolph di li gen 4 pítit, 3 fi ak 1 gason epi li pral pale ak madam ni sou yon prensip pou fè fi ak gason egal anndan kay la tou. Tout timoun yo felisite Rolph ak vizite yo.

Èd-memwa pou aktè yo:

- **Mari:** Li kwè nan tèt li, epi li fyè pou pale devan lòt moun yo.
- **Pouchon:** Li pale ak anpil dinamis — li kwè nan sa l ap di. Se yon fyète pou li pale ak lòt timoun yo tou, men lè lòt ti gason an ri li, li yon ti kras fè bak. Li pran yon ti moman pou reprann konfyans nan tèt li ak chanjman li fè a.
- **Silya:** Li fyèl anpil de pitit li yo ak fwaye a.
- **Rolph:** Li kontan bon lide epi pawòl Mari ak Pouchon enspire li.
- **Timoun yo:** Gen ki konvenki, gen ki pokò konvenki, men y ap reflechi tout bon.



Kesyon pou brase lide:

- Kisa ou panse sou sa Mari, Pouchon ak Silya ap di klèb timoun nan?
- Lè ti gason an ri Pouchon epi di se yon fi k ap pale, ki efe sa fè sou Pouchon?
- Dapre ou menm, èske yon prensip pou fè fi ak gason egal nan kay la ta yon bon bagay pou paran ak timoun fè anndan kominote a? Poukisa oubyen poukisa non?
- Poukisa li enpòtan pou tout fwaye anndan kominote a mete bon prensip pou bay fi ak gason egal-ego?
- Kijan nou kapab pase alaksyon pou tout moun nan kominote a leve fi ak gason pou yo viv egal-ego youn ak lòt?

Konsèy sou jan animatè a ka konkli:

- Remèsyé aktè yo ak publik la pou patisipasyon yo.
- Fè yon ranmase sou pwen ki te pi enpòtan yo nan deba a, epi fè yon ti rete sou Lide pou moun kenbe nan tèt yo a.
- Esplike kouman li enpòtan pou mete prensip ak regleman pou fi ak gason viv egal-ego anndan fwaye a ak nan kominote a!



Faz Aksyon - Teyat No. 2

Lide pou moun kenbe nan tèt yo apre yo fin wè pyès teyat sa a:
Sajès tifi kapab pote chanjman nan kominote a!

Kònsèy sou jan animatè a ka kòmanse:

- Swete patisipan yo byenvini.
- Avan teyat la, animatè a ap li wòl yo pou publik la.
- Pale de *Lide pou moun kenbe nan tèt yo a*, yon jan pou ou kòmanse bay yon lide sou teyat la.

Wòl yo:

Rebeka	Se yon tifi	Li gen 16zan, li te viv sou kont Enjenyè Jwachen, men kounye a lavi li chanje.
Ketlin	Se yon fanm	Zanmi manman Ketlin ki travay nan lopital la.
2 manm nan klèb tifi	Se 2 tifi	Se 2 fi ant 14-17 an nan menm klèb kote Rebeka patisipe.
Lidè kominotè	Yon gason	Li mennen rankont kominotè epi tout moun tandé l.
Kèk manm kominote a	Kèk fi ak kèk gason	Yo patisipe nan reyinyon kominotè a. Gen ladan yo ki paran.

NB: Si pa gen ase aktè pou jwe tout wòl yo, nou kapab oryante kèk espektatè anvan teyat la koumanse pou jwe wòl manm kominote a. Men, yo oblige konnen lè tifi yo prezante lide yo, men ki reyaksyon pou yo genyen.


Istwa:

Lidè kominotè ak Mis Ketlin ouvri rankont kominotè. Rebeka ap chita bò kote Mis Ketlin, ansanm ak lòt manm nan klèb tifi a. Mis Ketlin di gwoupman fanm li an te mande ti tan sa a pou klèb tifi ki asosye ak yo pote lide yo nan rankont kominotè a. Li mande tout kominote a pou yo kore jefò tifi yo ap fè pou amelyore kominote a, epi tandé yo.

Rebeka kanpe epi bay temwyenaj li ak Enjenyè Jwachen. Li di anvan li te rantre nan klèb tifi li te panse yon fi sipoze bèl pou yon gason kapab pran swen li, epi li te kwè se te nòmal pou fi viv sou kont gason. Li te kwè tout fi te oblige fè bagay pou yo kapab jwenn sa yo te bezwen, tankou kòb pou peye lekòl, rad, e lòt. Men eksperyans li fè montre l lavi sa a kapab mete l an risk pou li pran VIH/SIDA. Se chans sèlman ki te sove li anba SIDA. Gen lòt fi ki te ak menm nèg ki gen VIH/SIDA kounye a. Pou evite risk pou SIDA, pou lòt enfeksyon moun pran nan fè bagay, epi pou fi ansent san yo pa pare pou sa, klèb tifi gen plizyè lide. Gen 2 lòt manm nan klèb tifi ki prezante lide fason pou kominote a Kore Tifi:

- Pou tout tifi kapab ale lekòl, se pou sa ki sibi vyolans yo ta jwenn èd nan men kominote a. Yo deside mete yon ekip fanm ak gason ki pou pote konkou bay sivivan kadejak, akonpaye yo nan sant sante, nan komisarya, epi nan sèvis kawounseling nan kominote a. Apre sa pou yo ede tifi yo ale lekòl.
- Gade si kèk lekòl dakò pou yo bay bous pou tifi ki pa ka ale lekòl paske fanmi yo pa gen mwayer.
- Kotize pou ede tifi ki pi demini yo, pou yo ajoute lajan sou bous lekòl la pou yo kapab peye inifòm ak founiti.
- Al pale ak paran ki konn voye ti gason yo lekòl, epi ki kenbe tifi yo lakay yo, pou ankouraje yo voye tifi yo lekòl tou. Sa vle di, petèt y ap bezwen montre ti gason yo fè travay tifi yo konn fè nan kay tou, pou ni tifi, ni ti gason kapab genyen ase tan pou yo tout ale lekòl.
- Òganize kèk jounen pòt louvri kote pwofesyonèl ak biznis nan kominote a ap resevwa timoun, ni ti gason, ni tifi, nan chòp yo, oswa nan atelye yo, pou timoun yo kapab wè jan yo travay, epi poze kesyon. Epi granmoun ap ankouraje e akonpaye tifi nan vizit sa yo, konsa yo ka fè lide al aprann yon bagay yo ta renmen fè lè yo pi gran, sa ap motive yo pou yo byen etidye nan lekòl.

Manm kominote yo reyaji. Lidè kominote a pale epi mande si yo dakò pou kominote a fòme yon ekip pou chak rezolisyon sa yo. Ekip yo responsab pou yo asire travay la ap vanse pi vit ke posib nan chak rezolisyon, men se tout kominote a ki ap mete men nan aktivite yo. Tout moun dakò, epi yo kontan. Yo deside fòme ekip aksyon ki pou travay ak klèb tifi yo pou fè avansman sou kèk pwen yo wè ki pi ijan. Gen paran ki pale sou enpòtans 2 nan lide yo, epi gen moun ki fòme ekip pou travay sou chak. Lòt manm kominote ak manm klèb tifi pwopoze tèt yo pou patisipe nan chak ekip aksyon. Mis pwopoze dat pou pwochèn rankont pou gade pwogre sou plan dakson pa yo, epi moun yo aksepte. Konsa, li menm ak lidè kominotè a fèmen reyinyon an.



Èd-memwa pou aktè yo:

- **Ketlin:** Li se yon bon lidè, li pale klè, epi ou kapab wè fason li fyè lè l ap tande lide klèb tifi a. Li ankouraje yo epi tande yo.
- **Rebeka:** Li yon ti kras pè nan koumansman. Li pa abitye pale devan kominote a, men li pran kouraj li epi li pale byen. Kèk emosyon monte sou li pandan li pale sou Enjenyè Jwachen, men li pale klè epi li fò kan menm.
- **2 tifi nan klèb tifi:** Yo prezante lidè yo byen, yo pale klè.
- **Lidè kominotè:** Li yon ti kras sezi tande tifi yo pale klè konsa. Li empresyone. Li kontan ak sa yo di, paske li konnen tout sa yo di se pwoblèm kominote a genyen.
- **Manm kominote a:** Nan koumansman, se dwòl pou yo tande tifi yo, men apre Rebeka bay temwyana j li, yo tande ak tout kè yo paske se sa yo viv ak tifi pa yo tou.

Kesyon pou brase lide:


- Ki avantaj tifi yo ap jwenn si lide tifi yo te prezante nan teyat la pase tout bon? Ki avantaj ti gason yo ap jwenn? Ki avantaj tout kominote a ap jwenn?
- An reyalite, èske li fasil pou kominote a tande lide tifi yo kapab genyen? Ki blokaj ki kapab genyen nan fè moun tande lide tifi epi pran lide yo oserye?
- Kijan nou menm anndan kominote a kapab tande lide tifi yo genyen?
- Èske gen kèk nan lide tifi yo prezante nan teyat la ou ta renmen ki pase nan kominote pa nou an?
- Ki aksyon nou kapab poze nan kominote pa nou pou nou Kore Tifi?

Konsèy sou jan animatè a ka konkli:

- Remèsye aktè yo ak piblik la pou patisipasyon yo.
- Fè yon ranmase sou pwen ki te pi enpòtan yo nan deba a, epi fè yon ti rete sou Lide pou moun kenbe nan tèt yo a.
- Esplike kouman li ka nan avantaj tout kominote a lè nou tande lide tifi yo. Tifi yo kapab pwopoze 2 bagay pou lekòl nou yo, biznis yo, ak tout kominote a ki kapab ede yo ak tout kominote a.

Faz Aksyon - Teyat No. 3

Lide pou moun kenbe nan tèt yo apre yo fin wè pyès teyat sa a:
Ann mobilize pou anpeche vyolans sou fanm ak tifi!



Konsèy sou jan animatè a ka kòmanse:

- Swete patisipan yo byenvini.
- Avan teyat la, animatè a ap li wòl yo pou piblik la.
- Pale de *Lide pou moun kenbe nan tèt yo a*, yon jan pou ou kòmanse bay yon lide sou teyat la.

Wòl yo:

Safira	Se yon tifi	Li se yon timoun ki genyen apeprè 10zan ki nan restavèk nan yon kay nan menm katye ak Eloniz ak Makenson.
Eloniz	Se yon jèn fi	Li se yon fi nan menm katye ak Safira ki gen 15zan.
Makenson	Se yon jèn gason	Li se gran frè Eloniz. Li genyen 18an. Li viv nan menm katye ak Safira.
Madam Lundi	Se yon fi	Reskonsab òganizasyon fanm.
2 manm nan klèb tifi	Se 2 jèn fi	Yo se 2 fi ant 14-17 an nan menm klèb kote Safira patisipe.
2 manm kominotè	Se 1 fi ak yon gason	Se 2 manm kominotè.
Mesye Jedi	Se yon gason	Se Majistra a.

Istwa:

Fasilitatè (ka jwe wòl yon Naratè): Nan denyè teyat sou lavi Safira, nou te wè anpil bagay. Apre Donal te fè kadejak sou Safira, tifi ki rete lakay li a, manmzèl te rakonte Eloniz ak Makenson tout istwa li a, epi yo mennen l al wè Madam Lundi, ki se reskonsab òganizasyon fanm nan zòn nan. Yo mennen Safira kay doktè, epi li jwenn medikaman 72è yo ak yon sètifikasi medikal. Men, li pa t gen tan ale nan lajistis ak Donal paske misye te mouri ak VIH/SIDA. Tout kominote a choke. Poutèt Safira pa gen lòt paran ki vivan ankò, li koumanse abite nan menm kay kote Eloniz ak Makenson rete. Paran mesyedam yo pran Safira tankou pitit pa yo. Tout timoun yo ale nan menm lekòl. Apre plizyè rankont kominotè, epi travay komite k ap mete lide

gwoupman tifi yo annèv, moun nan kominote a vin pi konsyantize sou zafè sipò ak jistis pou tifi. Yon gwoup moun ale ak Madam Lundi ak Safira pou pale ak Majistra a nan zòn nan. Annou wè sa k pral pase.

Tout wòl yo sou sèn nan sòf Majistra a. Yo apenn rive devan biwo li. Madam Lundi devan ak Safira. Madam Lundi raple tout moun fòk yo sonje sa pou yo di devan Majistra Jedi a pou li kapab pran ka yo. Lap prezante yo, epi apre sa y ap pale sa yo te planifye. Tout moun dakò.

Pandan yo koumanse rantre nan biwo li, Majistra a soti. Li wè kantite moun ki ak yo, epi li wè Madam Lundi, epi li salye l. Madam Lundi di yo te mande yon rankont ak li, èske li ka toujou disponib? Li pa twò kontan, men li di wi, epi yo antre ak li ankò. Yo chita sòf Madam Lundi ki rete kanpe. Madam Lundi esplike gwoup la la paske kominote a manke kèk regleman ak estrikti ki kapab ede tifi ak fanm jwenn jistis nan tribinal, epi viv san yo pa sibi vyolans nan kominote a. Gwoup la pral esplike l sa li memm kapab fè pou anpeche vyolans sou tifi. Majistra a koumanse pale pou di li okipe epi yo kapab pran lòt randevous ak li yon lòt lè. Li koumanse remèsyé yo pou vizit yo.

Safira pran lapawòl pou di li te sibi kadejak pandan li te rete kay moun, epi li konnen sa l ap di. Majistra a chita ankò. Safira esplike sèl rezon li te jwenn jistis nan ka pa li se paske mesye a te mouri. Li konnen lòt tifi ak granmoun fanm tou ki pa jwenn jistis pou plizyè rezon. Lè fini, se regleman ak lòd kominote a bezwen pou anpeche vyolans lan rive sou yo nan premyè tan. Yo pa ta sipoze menm bezwen jistis, si anyen pa rive yo. Safira wè li gen ekout Majistra a, epi li sispann pale.

Makenson ajoute: Gen anpil bagay ou kapab fè, epi n ap ede w fè yo.

(NB: Chak wòl ki poko pale di youn nan lide yo. Si kominote kote teyat la ap jwe gen lòt objektif pledwaye sou tèm nan, ajoute l sou lis la.)

- Montre lidechip ou epi pale sou vyolans k ap fèt sou fanm ak tifi lè ou pale nan kominote a.
- Bay sipò w pou pwogram pou anpeche vyolans oubyen akonpanye moun ki sibi vyolans.
- Ede konekte òganizasyon fanm ak leta pou lòt aksyon kapab soti.
- Ankouraje reskonsab edikasyon pou pale ak lekòl yo pou yo ka antre kourikoulòm sou pouvwa ak vyolans anndan lekòl la, epi pou yo pa mete fi ki ansent deyò men pito bay yo bon edikasyon seksyèl
- Lite pou tout fi ki sibi kadejak jwenn sètifica medikal gratis

Majistra a ap tandem, men li kanpe yo. Li enterese. Li mande si yo gen yon lis ekri sou tout demann yo. Madam Lundi di l ap fè l jwenn li pandan jounen an. Majistra a touche tout bon. Li di li te gen yon fi ki te rete lakay li lè li te timoun. Li pa fyè de sa. Yon lòt gason nan katye a te fè kadejak sou li. Li te gen 8an lè sa, epi li pa t konn sa pou l fè. Li pa t ede l. Li wè nesesite sa y ap pale, sitou pou fi ki gen mwens pouvwa nan kominote a. Madam Lundi mande si yo ka pran yon lòt rankont nan 1 semenn apre li jwenn lis la pou yo pale sou fason pou yo avanse sou kèk nan lide yo. Li di wi, epi yo pran dat pou lòt semenn pou yo kontinye brase lide. Tout moun soti, kè kontan.



Èd-memwa


- **Tout aktè sòf Majistra a:** Nan koumansman sèn nan, yo kè kontan, men yon ti kras sou presyon paske se premyè fwa pi fò nan yo pale ak yon Majistra.
- **Madam Lundi:** Li kalm epi li pale klè.
- **Safira:** Lè l koumanse pale devan Majistra a, li ap pale ak tout kè l. Se tankou l ap pleyen pou lavi li pou fè l tande l. Lè l wè l ap tande li yon ti kras sezi, epi li sispann pale. Men li vreman pale byen. Se li ki fè Majistra a tande yo.
- **Majistra a:** Nan koumansman, li okipe epi li pa vreman vle tande sa yo vle. Apre li tande tèm rankont la, li anvi kouri nèt. Men lè Safira pale ak tout emosyon li ak tout sajès li, gen yon bagay anndan li ki sonje epi li wè se yon gwo lopotinite pou li pase alaksyon. Lè li mande pou lis ekri a, se tout bon li vle swiv sa ki posib nan sa y ap sijere yo.
- **Makenson ak Eloniz:** Yo fyèl de Safira anpil lè l pale. Yo pale byen.
- **Lòt aktè yo** prezante lide pa yo byen. Tout moun soti kè kontan.

Kesyon pou brase lide:

- Lè moun yo t ap prezante lide pa yo pou anpeche vyolans sou tifi ak fanm devan Majistra a, kijan yo te santi yo?
- Kisa nou panse sou reyakson Majistra a sou sijesyon gwoup la?
- Kijan nou te wè modèl aksyon Safira, Madam Lundi ak lòt manm kominote a t ap pwopoze Majistra a?
- Èske gen kèk aksyon nan kominote pa nou ki ta bon pou yon Majistra ouyben yon lòt lidè tande? Kisa nou ta mande lidè yo?

Konsèy sou jan animatè a ka konkli:

- Remèsye aktè yo ak piblik la pou patisipasyon yo.
- Fè yon ranmase sou pwen ki te pi enpòtan yo nan deba a, epi fè yon ti rete sou Lide pou moun kenbe nan tèt yo a.
- Esplike nou gen tout pouvwa ak posibilité pou ale kote reskonsab yo tout bon, pou nou mande sa nou wè ki enpòtan pou kominote a. Kit se leta a, kit se yon reskonsab yon lekòl oubyen yon legliz, tout enstans gen kichòy yo ka fè pou tifi kapab jwenn pouvwa nan kominote a, epi pou vyolans kaba.



TI PALE AK PARAN

Koutje sou Ti Pale Faz 4 (Aksyon):

Genyen de (2) kalte zouti ki fèt espesyalman pou paran nan Faz 4 Kore Tifi. Se: "Ti Pale ak Paran" ak "Ti Pale pou Paran ak Ptit yo". Nan Faz 4 genyen sis "Ti Pale ak Paran" ak twa "Ti Pale pou Paran ak Ptit yo".

Sijè ki nan "Ti Pale ak Paran" ak "Ti Pale pou Paran ak Ptit yo" genyen pwen komen antre yo, yo lye youn ak lòt. Rezon an, se pou paran ak moun ki pran swen timoun patisipe nan de Ti Pale ki gen sijè ki lye; apre sa, yo resevwa yon rezime avèk desen plis pwen ki pa detaye pou yo kapab pataje sa yo te aprann ak pitit yo plis timoun yo ap pran swen.

Kontinye sèvi ak "Ti Pale ak Paran" jan nou te fè sa nan Faz 2 ak 3, avèk menm gwoup moun yo, nan menm kalte espas yo. Baze dyalòg yo sou kesyon epi kite yo ouvè. Si nou bezwen yon rafrechi memwa sou fason pou nou sèvi avèk "Ti Pale ak Paran" oswa "Ti Pale pou Paran ak Ptit yo," gade enfòmasyon sou sa nan "Koutje sou Ti Pale" ki nan materyèl mobilizasyon kominotè pou Faz 2 (paj 87).



Ti Pale ak paran

Lide pou nou kenbe nan tèt nou: Nou kapab kreye regleman pou fè fi ak gason egal anndan kay la.

Entwodiksyon: Jodi a nou pral pale sou jan nou menm paran kapab kreye regleman pou fi ak gason egal anndan kay la, pou yo gen menm dwa ak menm devwa.

Kesyon pou ou poze pou ou lanse deba a:

Nòt pou animatè/animatriss Ti pale a: Li pi bon si se nan bouch moun k ap debat sijè a pwen sa yo soti, sinon se pou fasilitatè a di yo.

1. Ki egzanp pozitif nou kapab bay sou jan fi ak gason kapab jwi dwa yo ak devwa yo menm jan nan yon kay?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- Fanm ak gason nan kay la balanse pouvwa yo byen, jere finans ansanm, gen menm dwa.
- Tifi ak ti gason ale nan menm lekòl, gen menm kantite ak menm kalite travay anndan kay la ak menm libète pou jwe ak etidye.
- Nòt pou fasilitatè: Tande egzanp patikilyè gwoup la genyen, epi ede yo analize si se egzanp pozitif yo ye. Felisite yo pou bon lide yo.
- Raple sijè a: Nou kapab kreye regleman pou fè fi ak gason egal anndan kay la.

2. Poukisa li enpòtan pou mete yon regleman pou tout moun anndan kay la konnen fi ak gason egal-ego?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- Sa a fè tout moun gen menm valè anndan kay la epi rive jwi dwa yo.
- P ap gen vyolans, epi ap gen mwens fristrasyon.

- Ap gen respè youn pou lòt, kè kontan, epi tout moun ap viv pi byen.
- *Raple sijè a: Nou kapab kreye regleman pou fè fi ak gason egal anndan kay la.*

3. Ki etap nou menm nou kapab swiv pou mete regleman pou fè fi ak gason egal anndan kay nou?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- Bat pou ou se yon bon modèl egalite nan konpòtman pa w kòm paran.
- Rele tout fanmi a ak moun nan lakou an ansanm, epi lanse lide a.
- Reflechi ansanm sou avantaj regleman an kapab genyen pou fanmi a, tankou timoun yo ka etidye pi byen lekòl, epi tout moun santi yo jwenn respe nan men lòt moun.
- Reflechi ansanm sou enpòtans regleman an kapab genyen pou fanmi a kapab vin yon modèl pou kominote a.
- Deside ansanm kisa regleman an pral vle di pou lavi fanmi a chak jou - kisa ki pral chanje? Kisa ki pral rete menm jan?
- Mete lè pou yon lòt rankont apre yon semenn oubyen yon mwa pou chita pale ansanm ankò. Gade ansanm ki avantaj ak konsekans regleman an pote anndan fanmi an.
- *Raple sijè a: Nou kapab kreye regleman pou fè fi ak gason egal anndan kay la.*

Dènye mo pou fèmen deba a:

Mèsi pou ti pale sa a ki fèt antre nou. Ak ki lòt moun nou panse nou ka pale sou koze sa a ?

Ti Pale ak paran

Lide pou nou kenbe nan tèt nou: Nou kapab ede ptit gason nou yo antre nan lit pou fanm egal ak gason.

Entwodiksyon: Jodi a nou pral pale sou kijan pou ede ptit gason antre nan lit pou fanm egal ak gason. Tifi pi fasil antre nan lit pou fanm egal ak gason - li enpòtan pou yo 2 travay ansanm pou menm objektif la. Ti gason kapab bezwen plis ankourajman pou yo antre nan lit sa a.

Kesyon pou ou poze pou ou lanse deba a:

Nòt pou animatè/animatriss *Ti pale a: Li pi bon si se nan bouch moun kap debat sijè a pwen sa yo soti, sinon se pou fasilitatè a di yo.*

1. Poukisa li enpòtan pou ti gason antre nan lit pou fanm egal ak gason?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- Ti gason jodi a pral gramoun demen. Si li gen bon refleksyon sou balans pouvwa ant fi ak gason anvan li antre nan relasyon fi ak gason, relasyon li pral genyen ap pi djanm.
- Pi fò gason ki fè kadejak fè l pou premyè fwa anvan yo gen 18an - savledi, lè yo timoun toujou.
- Anpil ti gason konnen zanmi yo pa aji byen ak fi, epi yo pa dakò men yo pa gen fòmasyon kijan pou mete presyon pozitif pou yo aji pi byen kont sa a.
- Si ti gason antre nan lit la, sa a kapab bay plis fòs pou anpeche vyolans sou fanm ak tifi.
- *Raple sijè a: Nou kapab ede ptit gason nou yo antre nan lit pou fanm egal ak gason.*

2. Ki pouvwa nou kapab genyen kòm temwen lè se yon zanmi nou k ap fè fanm abi?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

Aksyon #2

- Nou kapab pale ak zanmi a apre epi poze kesyon sou sa li fè a.
- Nou ka jwenn 2-3 lòt moun epi entèveni pou abi a sispann.
- Nou gen anpil pouvwa nan sitiyasyon an pou nou pa rete bouch pe.
- *Raple sijè a: Nou kapab ede ptit gason nou yo antre nan lit pou fanm egal ak gason.*

3. Kijan nou kapab ede ptit gason nou yo antre nan lit pou fanm egal ak gason?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- Vin yon bon modèl pou li kapab swiv nan jan ou lite pou egalite ant fanm ak gason.
- Montre ti gason avantaj si fanm ak gason egal.
- Ede ti gason an tande fi epi aprann nan men fi.
- Ede ti gason an aprann veye bezwen lòt moun kapab genyen, pou ede ekilibre travay nan kay la. (Kèk fwa nou aprann fi veye bezwen lòt moun, e pou sa yo wè travay ki bezwen fèt pi fasil ke gason si yo pa gen kapasite veye bezwen lòt moun.)
- Aprann ti gason ki pouvwa yo genyen kòm temwen lè se yon zanmi yo k ap fè fanm abi. Montre kijan pou yo aji pou ede abi a sispann san yo pa mete tèt yo an danje.
- Aprann ti gason sèvi ak pouvwa yo pou yo balanse pouvwa ant fi ak gason (Egzanp: Montre moun ki pa tande fi pou yo tande fi, sèvi ak pouvwa pozitif li genyen lè li wè tizonnay seksyèl (asalman) nan lari, ankaraje zanmi gason li yo respekte fi.)
- *Raple sijè a: Nou kapab ede ptit gason nou yo antre nan lit pou fanm egal ak gason.*

Dènye mo pou fèmen deba a:

Mèsi pou ti pale sa a ki fèt antre nou. Ak ki lòt moun nou panse nou ka pale sou koze sa a?

Ti Pale paran ak pitit

Gid sa a se pou ede paran fè dyalòg ak pitit yo. Li pi efikas pou paran ki deja patisipe nan:

Ti Pale ak Paran Aksyon #1 ki gen tèm: "Nou kapab kreye regleman pou fè fi ak gason egal ann dan kay la" ak Ti Pale ak Paran Aksyon #2 ki gen tèm: "Nou kapab ede pitit gason nou yo antre nan lit pou fanm egal ak gason."

TÈM:

Pouvwa temwen !



Èd memwa pou paran sou Tèm: Pouvvwa temwen

Deside sa w ap di selon laj timoun nan, epi raple w sa ou te aprann nan ti pale ou te asiste yo.

- Mande: Gen de lè nou wè yon bagay ki pa sa, tankou lè nou wè zanmi nou k ap fè fi abi. Kisa nou kapab fè ak pouvwa nou kòm moun ki wè sa k ap fèt la?
 - Mande: Èske nou pa ta kapab abòde zanmi an apre, epi poze li kesyon sou sa li te fè a?
 - Mande: Èske nou pa ta ka enterese detwa lòt moun vin mete bouch avèk nou pou zanmi an kapab sispann fè abi?
- Di: An nou fè yon ti praktik kote mwen jwe wòl zanmi k ap fè abi, epi ou deside di m yon bagay pou fè m pran konsyans. (Fè yon ti pyès teyat.)
- Di: Asire si ou mete bouch se pa tèt ou w ap mete an danje. Kèk fwa, lè yon moun fache se pa pi bon moman pou ou di l kichòy. Ale kote l aprè. Pa ale pou kont ou si w panse l ap fache avè w.
- Di: Si se yon granmoun k ap fè abi, pito ou vin di m sa oubyen yon lòt granmoun ou fè konfyans, olye pou ou mete tèt ou nan sa dirèkteman.

Èd memwa pou paran sou Tèm: Regleman ann dan kay

- Mande: Kisa nou ka fè kòm egzanz pozitif nan yon kay pou fi ak gason kapab jwi dwa yo ak fè devwa yo menm jan?
- Mande: Èske ou dakò pou nou mete yon regleman pou tout moun ann dan kay la konnen fi ak gason egal-ego, youn pa sou tèt lòt? Site kèk bagay pou nou mete ladan l.

Aksyon



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

Repanse Pouvvwa (509) 3617 1815 • annanpechevolans@gmail.com • repansepouvwa.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net •

Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouvvwa ak atis Chevelin Pierre

Ti Pale ak paran

Lide pou nou kenbe nan tèt nou: Annou kreye epi kore òganizasyon tifi ak jèn fi!

Entwodiksyon: Jodi a nou pral pale sou kijan nou kapab pase alaksyon pou nou kreye ak kore òganizasyon tifi ak jèn fi.

Kesyon pou ou poze pou ou lanse deba a:

Nòt pou animatè/animatriss Ti pale a: *Li pi bon si se nan bouch moun kap debat sijè a pwen sa yo soti, sinon se pou fasilitatè a di yo.*

1. Lè nou gen moun k ap kore nou, ki fòs sa a ba nou pou nou fè bon bagay?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- Si nou pa gen moun k ap kore nou, tout sa nou fè pi difisil.
- Se lè nou gen moun pou kore nou epi kwè nan nou nou kapab fè pi gwo pwoje.
- Lè lòt moun kore nou, sa fè nou gen plis pouvwa, epi nou kapab deside fè bon bagay ak pouvwa sa a pou avantaj tout moun.
- Raple sijè a: Annou kreye epi kore òganizasyon tifi ak jèn fi!

2. Poukisa nou ta dwe kreye epi kore klèb tifi oubyen òganizasyon jèn fi?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- Anpil tifi ak jèn fi manke jwenn moun pou kore yo. Konsa vwa yo pa parèt nan kominote a, epi yo gen plis risk pou yo sibi vyolans, pou yo malad, epi pou yo viv sou kont gason ki fè yo mal.
- Klèb tifi ak òganizasyon jèn fi ede fi jwenn moun, ki bay yo pouvwa. Klèb sa yo bay yo yon bon chimen pou yo swiv tou pa rapò ak bon modèl yo ka jwenn nan klèb yo.

Aksyon #3

- Lè tifi mete ansanm youn ak lòt, yo kapab fè kèk bagay ki ka nan avantaj yo ak nan avantaj tout kominote a.
- *Raple sijè a: Annou kreye epi kore òganizasyon tifi ak jèn fi!*

3. Ki aksyon nou kapab fè pou kore òganizasyon jèn fi oubyen ede yo kreye klèb pa yo?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- Chèche konnen ki klèb ak òganizasyon tifi ak jèn fi ki deja genyen nan kominote a. Ale kote yo epi mande yo kijan ou ka kore yo pou yo ka reyalize rèv yo.
- Tande klèb ak òganizasyon tifi. Kreye posibilité pou lòt moun nan kominote a tandem yo tou epi pran lide yo oserye.
- Pa janm retire lidechip nan men fi yo pou klèb la - aprann yo pran lidechip yo pi byen. Aprann yo kijan pou fè pledwaye pou lide pa yo kapab pase.
- Yon bon aktivis kapab kore fi, pa sèlman lè yo fèb men lè yo fò tou. Si nou kapab pran lidechip tifi yo oserye lè yo fò, se lè sa a nou konnen yon chanjman fèt vre nan kominote a.
- Si poko gen klèb oubyen òganizasyon fi nan zòn nan, chèche modèl (sa yo rele menntò nan klèb tifi) ki kapab kore yon klèb epi envite fi yo ladan n. NB: Pou konsèy sou fason pou ou jwenn yon bon menntò, wè "Gid kreyasyon klèb tifi" nan faz Kòmanse nan liv Kore Tifi!.
- *Raple sijè a: Annou kreye epi kore òganizasyon tifi ak jèn fi!*

Dènye mo pou fèmen deba a:

Mèsi pou ti pale sa a ki fèt antre nou. Ak ki lòt moun nou panse nou ka pale sou koze sa a ?



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

Repanse Pouwva (509) 3617 1815 • annanpechevolans@gmail.com • repansepouvwa.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net •

Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouwva ak atis Chevelin Pierre

Ti Pale ak paran

Lide pou nou kenbe nan tèt nou: Fè rankont kominotè pou tandé aktivis k ap kore pouvwa tifi.

Entwodiksyon: Jodi a nou pral pale sou kijan nou kapab fè rankont kominotè pou tandé aktivis pou kore pouvwa tifi. Yon aktivis pou kore pouvwa tifi se yon moun ki toujou ap fè kichòy pou ede tifi yo pran pouvwa yo nan kominote a, pou yo jwi dwa yo. Li kapab yon tifi menm ki se yon aktivis, oubyen yon lòt moun ki la pou ede tifi viv an sante, san vvolans, ak pouvwa yo byen balanse ak ti gason ak lòt gwoup nan kominote a. Yon rankont kominotè pou tandé aktivis pou kore pouvwa tifi se yon rankont kote se tifi ak aktivis pou kore pouvwa tifi ki pale, epi lòt moun tandé yo.

Kesyon pou ou poze pou ou lanse deba a:

Nòt pou animatè/animatris Ti pale a: *Li pi bon si se nan bouch moun kap debat sjè a pwen sa yo soti, sinon se pou fasilitatè a di yo.*

1

Poukisa li nan avantaj tout kominote a pou tandé aktivis k ap kore pouvwa tifi ak jèn fi?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- Tifi ak jèn fi kapab genyen yon jan yo wè pwoblèm kominotè ki ede nou wè sa nou pa t wè.
- Si nou pa tandé fi yo, yo kapab tonbe nan pwoblèm tankou vvolans, gwo sès anvan lè, maladi, ak lòt.
- Si nou tandé fi yo, si nou ede yo jwenn pouvwa yo, n ap vin genyen yon kominote pi an sante, pi rich, epi pi djanm.
- Raple sjè a: **Fè rankont kominotè pou tandé aktivis k ap kore pouvwa tifi.**

2

Kijan nou ka ede tifi ak jèn fi yo prepare yo pou pale ak kominote a? Kijan nou ka fè kominote a prè pou tandé tifi yo?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- Planifye ak tifi ak jèn fi ki pral pale yo dabò, pou asire yo gen pwen klè yo vle pale.
- Fè repetisyon ak tifi ak jèn fi ki pral pale yo.

Aksyon #4

- Rankontre ak tout aktivis pou kore pouvwa tifi, epi planifye kiyès ki pral pale epi nan ki lòd. Asire ou bay aktivis ki tifi oubyen jèn fi bon plas, epi kite lide pa yo pase.
- Pale ak lidè kominotè yo anvan pou asire yo byen konprann kijan pou kore epi ankouraje sa tifi ak jèn fi yo di. Yo ka sèvi ak lidechip yo pou ede lòt moun tandem tifi ak jèn fi yo.
- Anvan yon rankont kote tifi yo ap pale, fè règ jwèt ak moun yo. Bay yo konsèy pou yo pa anpeche tifi yo pale epi pa fè yo pè lè y ap pale.
- *Raple sijè a: Fè rankont kominotè pou tandem aktivis k ap kore pouvwa tifi.*

3. Nan yon rankont kominotè pou kore pouvwa tifi ak tandem tifi, sou ki sijè nou kapab pale?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- Kijan kominote a kapab asire tifi pa tonbe nan move sitiyasyon oubyen nan vyolans.
- Enpòtans lekòl genyen pou tifi.
- Enpòtans edikasyon tifi sou kò yo, lasante yo ak kijan pou yo pa vin ansent.
- Enpòtans edikasyon fi yo sou lajan ak travay. Sa a genyen ladan jesyon bidje, finans, aksè pou aprann tout kalte metye, jesyon biznis, elatriye.
- Pwoje klèb tifi ak òganizasyon jèn fi genyen.
- Resous kominotè tifi ki nan pwoblèm kapab bezwen, tankou ebèjeman an sekirite, aksè tès VIH/SIDA, sipò moral, sèvis legal, elatriye.
- Aksè fi genyen ak resous kominotè, tankou lekòl, manje, dlo, klèb timoun, kote pou yo jwe, ak lòt.
- *Raple sijè a: Fè rankont kominotè pou tandem aktivis k ap kore pouvwa tifi.*

Dènye mo pou fèmen deba a:

Mèsi pou ti pale sa a ki fèt antre nou. Ak ki lòt moun nou panse nou ka pale sou koze sa a ?



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

Repanse Pouwva (509) 3617 1815 • annanpechevyolans@gmail.com • repansepouvwa.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net •


Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouwva ak atis Chevelin Pierre

TÈM:

Tifi gen fòs pou pale pou
kominote a tande!

Ti Pale paran ak pitit

Gid sa a se pou ede paran fè dyalòg ak pitit yo. Li pi efikas pou paran ki deja patisipe nan:
Ti Pale ak Paran Aksyon #3 ki gen tèm: "Annou Kreye ak kore òganizasyon tifi ak jèn fi" ak
Ti Pale ak Paran Aksyon #4 ki gen tèm: "Fè rankont kominotè pou tande aktivis pou kore
pouvwa tifi."



Èd memwa pou paran sou Tèm nan:

Deside sa w ap di selon laj timoun nan, epi raple w sa ou te aprann nan ti pale ou te asiste yo.

- Mande: Lè nou gen moun k ap kore nou pou nou fè bon bagay, kisa sa fè pou nou?
- Di: Lè lòt moun kore nou, sa fè nou gen plis pouvwa, epi nou kapab deside fè plis bon bagay toujou ak pouvwa sa a, nan avantaj tout moun.
- Mande: Poukisa li nan avantaj tout moun pou nou kreye epi kore klèb tifi ak òganizasyon jèn fi?
- Mande: Kisa nou kapab fè pou kore òganizasyon jèn fi oubyen pou ede yo kreye klèb pa yo?
- Mande: Nan yon rankont kominotè pou tande tifi, sou ki sijè nou kapab pale?
- Mande: Poukisa ou menm ou ta renmen patisipe nan yon rankont kominotè pou tande tifi?
- (Pou tifi ki pral pale) Mande: Sou kisa ou ta renmen pale nan yon rankont kominotè? An nou fè pratik sou sa antre nou avan nou ale nan pwochen rankont kominotè.
- (Pou ti gason ki pral tande) Mande: Kisa nou kapab fè pou ede lòt moun aprann tande tifi, si ou wè yo pa vle tande? Sonje nou pa dwe koupe mo nan bouch tifi oubyen pale pou yo, men pito ede moun tande yo. An nou fè pratik sou kisa nou pral fè nan rankont kominotè si gen moun ki pa vle tande tifi.

Aksyon



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

Repanse Pouwva (509) 3617 1815 • annanpechevolans@gmail.com • repansepouvwa.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net •

Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouwva ak atis Chevelin Pierre

Ti Pale ak paran

Lide pou nou kenbe nan tèt nou: Fè chanjman nan fason n ap leve pitit fi nou yo pou yo ka viv byen!

Entwodiksyon: Jodi a nou pral pale sou kijan kominate a kapab fè kèk chanjman nan kalte levasyon n ap bay pitit fi nou yo, pou yo ka viv pi byen.

Kesyon pou ou poze pou ou lanse deba a:

Nòt pou animatè/animatriss Ti pale a: Li pi bon si se nan bouch moun kap debat sijè a pwen sa yo soti, sinon se pou fasilitatè a di yo.

1. Kisa ki ta dwe nan youn bon edikasyon pou pitit fi nou ak pitit gason nou pou asire yo viv byen, egal-ego?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- Edikasyon sou kò yo, lasante yo ak kijan pou yo pa fè pitit san yo pa pare.
- Edikasyon sou lajan ak travay. Sa a genyen ladan li:jesyon bidje, finans, aksè pou aprann tout kalte metye, jesyon biznis, elatriye.
- Edikasyon pou anpeche vyolans sou fanm ak tifi.
- Edikasyon pou balanse pouvwa yo egal-ego youn ak lòt.
- Montre yo enpòtans pou yo pataje tach egal-ego ant fi ak gason.
- Edikasyon sou dwa moun ak dwa fanm kòm tèm anndan dwa moun.
- Raple sijè a: Fè chanjman nan fason n ap leve pitit fi nou yo pou yo ka viv byen!

2. Ki enstitisyon ak ki moun ki kapab ede paran yo fè levasyon sa a pou tout timoun?

Aksyon #5

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- Paran toujou gen devwa pou fè edikasyon pitit yo, men enstitisyon yo kapab ede tou.
- Lekòl yo, legliz yo, otorite yo, lidè kominotè ak reliye yo, sant sante yo, òganizasyon dwa moun, elatriye.
- *Raple sijè a: Fè chanjman nan fason n ap leve pitit fi nou yo pou yo ka viv byen!*

3. Kisa nou ka fè pou ankouraje enstitisyon nou yo jwe wòl yo pou bay tifi ak jèn fi pi bon edikasyon?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- Sijere regleman pou fè fi ak gason gen menm dwa nan enstitisyon yo.
- Ankouraje lekòl mete bous pou tifi ka kontinye etidye.
- Mande lekòl yo mete kourikoulòm sou tèm enpòtan k ap ankouraje pouvwa tifi.
- Envite pèsonèl lasante vin pale nan lekòl ak klèb tifi sou tèm lasante, espesyalman sante seksyèl, ak lòt.
- Envite mèt biznis ak pwofesè matematik vin pale nan lekòl ak klèb tifi sou jesyon finans, kreyasyon biznis, ak lòt tèm.
- Fòme pèsonèl enstitisyon yo pou yo bay bon edikasyon nan tèm enpòtan sa yo.
- *Raple sijè a: Fè chanjman nan fason n ap leve pitit fi nou yo pou yo ka viv byen!*

Dènye mo pou fèmen deba a:

Mèsi pou ti pale sa a ki fèt antre nou. Ak ki lòt moun nou panse nou ka pale sou koze sa a ?



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

Repanse Pouwva (509) 3617 1815 • annanpechevolans@gmail.com • repansepouvwa.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net •

Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouwva ak atis Chevelin Pierre

Ti Pale ak paran

Lide pou nou kenbe nan tèt nou: Ann lite pou tifi ak jèn fi jwenn plis resous nan kominote a!

Entwodiksyon: Jodi a nou pral pale sou kisa nou kapab fè pou genyen plis resous nan kominote a pou tifi ak jèn fi.

Kesyon pou ou poze pou ou lanse deba a:

Nòt pou animatè/animatriss Ti pale a: Li pi bon si se nan bouch moun kap debat sijè a pwen sa yo soti, sinon se pou fasilitatè a di yo.

1. Ki resous patikilyè tifi ak jèn fi bezwen pou yo byen devlope?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- Ti mwayen nan men yo, selon laj yo, pou yo kòmanse aprann jere bezwen yo.
- Afeksyon ak atansyon nan men paran yo.
- Zanmitay ak fi parèy yo ak modèl pou yo swiv ki se fanm ak fi.
- Espas kote yo santi yo alèz pou pale ak pataje sa yo genyen.
- Aksè a bon lekòl ki bay etid tifi menm enpòtans ak etid ti gason.
- Enfòmasyon sou kò yo, lasante yo ak kijan pou yo pa vin ansent san yo pa vle.
- Enfòmasyon sou jesyon bidje, finans, aksè pou aprann tout kalte metye, jesyon biznis, elatriye.
- Ebèjeman an sekirite, sizoka moun lakay yo mete yo an danje.
- Aksè tès VIH/SIDA.
- Nan ka yvolans seksyèl: sipò moral, sèvis sante, jistis, elatriye.
- Aksè ak resous kominotè, tankou lekòl, manje, dlo, klèb timoun, kote pou yo jwe, ak lòt.
- *Raple sijè a: Ann lite pou tifi ak jèn fi jwenn plis resous nan kominote a!*

2. Kisa nou kapab fè pou resous sa yo rive nan kominote a?

Aksyon #6

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- Mande lekòl yo pou yo bay etid yo plis enpòtans, epi pou yo ka entegre kourikoulòm sou tèm nou site yo.
- Mande paran yo bay edikasyon pitit fi yo plis enpòtans.
- Mande sant sante a pou li ka bay edikasyon sou sante seksyèl ak askè tès VIH/SIDA pou tout moun, sitou jèn fi.
- Mande otorite yo, òganizasyon fam ak òganizasyon timoun, ak legliz yo pou yo entegre resous tifi bezwen nan plan ak bidje pa yo.
- Pale ak jèn fi yo pou bay yo edikasyon ak enfòmasyon yo bezwen.
- Kore klèb ak òganizasyon tifi ak jèn fi.
- Ankouraje enstitisyon nan kominate a tankou legliz, lekòl e lòt siyen regleman oubyen kòd kondwit kont abi seksyèl epi pou egalite ant fi ak gason.
- **Raple sijè a: Ann lite pou tifi ak jèn fi jwenn plis resous nan kominate a!**

3. Ki wòl nou chak kapab jwe pou fè resous sa yo rive nan kominate a?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- *NB: Tande lide chak patisipan, epi ekri yon plan dakson yon kote. Fè swivi sou li!*
- **Raple sijè a: Ann lite pou tifi ak jèn fi jwenn plis resous nan kominate a!**

Dènye mo pou fèmen deba a:

Mèsi pou ti pale sa a ki fèt antre nou. Ak ki lòt moun nou panse nou ka pale sou koze sa a?



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

Repanse Pouwva (509) 3617 1815 • annanpechevolans@gmail.com • repansepouvwa.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net •


Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouwva ak atis Chevelin Pierre

Ti Pale paran ak pitit

Gid sa a se pou ede paran fè dyalòg ak pitit yo. Li pi efikas pou paran ki deja patisipe nan: Ti Pale ak Paran Aksyon #5 ki gen tèm: "Fè chanjman nan fason n ap elve pitit fi nou yo pou yo ka viv byen!" ak Ti Pale ak Paran Aksyon #6 ki gen tèm: "Ann lite pou tifi ak jèn fi jwenn plis resous nan kominote a."

TÈM:

Ann lite pou gen pi bon edikasyon ak lòt resous pou jèn fi!



Èd memwa pou paran sou Tèm nan:

Deside sa w ap di selon laj timoun nan, epi raple w sa ou te aprann nan ti pale ou te asiste yo.

- Di: Kominote a kapab patisipe nan bay tifi ak ti gason bon jan edikasyon pou yo viv byen.
- Mande: Ki edikasyon ak lòt resous tifi ak jèn fi bezwen pou yo byen devlope?
- Mande: Kisa nou kapab fè pou resous sa yo rive nan kominote a?
- Di: Nou kapab pwopoze règleman pou fè fi ak gason gen menm dwa, ankouraje lekòl mete bous pou tifi ka kontinye etidye, envite mis oubyen doktè vin pale sou lasante oubyen mèt biznis vin pale sou kijan moun ka monte biznis, elatriye.
- Mande: Ki lide nan tout sa nou sot wè yo ou ta renmen nou travay sou yo?
- Mande: Kisa n ap fè pou bagay sa yo rive fèt?